

**MODEL PEMBELAJARAN  
BASA JEUNG SASTRA SUNDA  
DUMASAR KANA KOMPETENSI**

**MAKALAH**

**SOSIALISASI IMPLEMENTASI *KURIKULUM 2004*:  
*STANDAR KOMPETENSI BAHASA DAN SASTRA SUNDA*  
PIKEUN GURU-GURU SD SAJAWA BARAT**

**Bandung, 1 – 21 Agustus 2004**

**BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH  
DINAS PENDIDIKAN PROPINSI JAWA BARAT  
2004**

## PANGANTEUR

Taun 2004 teh mitembeyan prungna kurikulum standar kompetensi, anu kamari ieu disebut-sebut kurikulum berbasis kompetensi (KBK). Eta kurikulum teh tujul kana sakumna mata pelajaran, ti mimiti TK/RA, SD/MI, SMP/MTs. nepi ka SMA/MA, kaasup mata pelajaran basa Sunda.

Pikeun mapag prungna eta kurikulum, Balai Pengembangan Bahasa Daerah (BPBD) Dinas Pendidikan Propinsi Jawa Barat, ngayakeun tarekah ngamasarakatkeun atawa sosialisasi ku cara penataran atawa pelatihan guru-guru SD-SMP sa-Jawa Barat. Najan babacaanana sosialisasi implementasi kurikulum, tapi dina prungna mah kagiatan teh nyoko kana pelatihan jeung lokakarya nyusun silabus katut model pembelajaran basa Sunda.

Dina pelatihan/penataran teh, para pamilon dibekelan rupa-rupa kaweruh ngeunaan basa jeung sastra Sunda katut model pangajaranana. Jaba ti eta, para pamilon teh disina parigel nyusun silabus katut rencana pangajaran basa jeung sastra Sunda dumasar kana kompetensi.

Sangkan pelatihan/penataran teh dumuk galurna tur aya tuturus boh keur penatar boh keur guru-guru, nya dipidangkeun rupa-rupa makalah. Eta makalah anu disusun ku para pangejer nu asalna ti UPI, UNPAD, jeung Disdik teh, dikumpulkeun jadi sabeundeul. Ari tujuanana mah sangkan makalah-makalah tea teu bacacar ka mana-mana. Jumlah makalah teh kabehna aya sabelas saperti ebreh dina daftar eusi.

Sakitu anu kapihatur. Mugia aya mangpaatna.

Bandung, Agustus 2004

Editor,

Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum.

# **E U S I**

**PANGANTEUR (2)**

**DAFTAR EUSI (3)**

**MIKAWANOH JEUNG MAKIHIKEUN  
KURIKULUM 2004: STANDAR KOMPETENSI  
MATA PELAJARAN BAHASA DAN SASTRA SUNDA (4)**  
Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum.

**MODEL PEMBELAJARAN NGAREGEPKEUN (11)**  
Drs. Dingding Haerudin, M.Pd.

**MODEL PEMBELAJARAN NYARITA (19)**  
Drs. H. Elin Syamsuri

**MODEL PEMBELAJARAN MACA (27)**  
Prof. Dr. Iskandarwassid, M.Pd.

**MODEL PEMBELAJARAN NULIS (39)**  
Dra. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

**MODEL PEMBELAJARAN APRESIASI SASTRA (40)**  
Drs. Dedi Koswara, M.Hum.

**MODEL PEMBELAJARAN EKSPRESI SASTRA (49)**  
Dra. Ruhaliah, M.Hum.

**BAHAN AJAR KAWERUH BASA SUNDA (65)**  
Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum.

**BAHAN AJAR PUPUH (76)**  
E. Kosasih, S.Sen.

**MODEL PEMBELAJARAN BASA SUNDA INTEGRATIF (84)**  
Drs. Usep Kuswari, M.Pd.

**BAHAN AJAR AKSARA SUNDA (95)**  
Drs. Undang A. Darsa, M.Hum.  
Dra. Elis Suryani NS, M.S.

**MIKAWANOH JEUNG MAKIHIKEUN  
KURIKULUM 2004: STANDAR KOMPETENSI  
MATA PELAJARAN BAHASA DAN SASTRA SUNDA**

**Yayat Sudaryat**

**1. Bubuka**

Mitembeyan Kurikulum 2004: Standar Kompetensi (KSK) rampak sa-Indonésia. Ari nelahna mah kurikulum basis kompetensi (KBK). Munculna éta kurikulum téh teu bisa leupas tina kahanan kurikulum pendidikan di Indonésia, anu terus barobah geusan ngaluyukeun diri kana robahna kamekaran paélmuan katut pamededih panéka jaman. Ari robahna kurikulum téh rata-rata antara 6--10 taun (Kurikulum 1968, 1975, 1984, 1994, jeung 2004). Bédana kurikulum téh pangpangna dina lebah titincakanana, nya éta dumasar kana jejer bahan, sistem unit, téma, jeung kompetensi. Kurikulumna teu goréng alias geus hadé, da anu héngkérna mah lebah prakna, praktékna, atawa impleméntasina.

Dina ieu tulisan dipedar perkara KSK dina pangajaran basa Sunda. Aya genep hal anu dipidangkeun dina ieu tulisan, nya éta (1) kompetensi jeung KBK, (2) prinsip-prinsip KBK, (3) pangajaran basa Sunda dumasar KBK, (4) susunan KBK basa Sunda, (5) padika pangajaran, jeung (5) silabus pangajaran.

**2. Mikawanoh Kurikulum Standar Kompetensi**

Naon ari *kompeténsi* téh? Kompetensi mangrupa “kamampuh” anu eusina ngawengku kaweruh (kognitif), kamahéran (psikomotor), jeung ajén-inajén (afektif) dasar, anu diébréhkeun (diréfléksikeun) kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsisten) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampuh (kompetén) pikeun milampah hiji hal.

KSK mangrupa sapuratina rencana jeung panataan ngeunaan kompetensi jeung hasil diajar anu kudu dihontal ku siswa, meunteun, kagiatan diajar ngajar, jeung mateahkeun sumber daya atikan dina ngamekarkeun kurikulum sakola. Ari KSK téh tujulna atawa oriéntasina kana (1) hasil jeung dampak anu dipiharep muncul di diri siswa ngaliwatan runtuyan kagiatan diajar nu miharti, jeung (2) rupining hal anu diébréhkeun dumasar kana kabutuh.

Kumaha *prinsip-prinsipna* KSK téh? Prinsip-prinsip anu perlu dititénan dina makihikeun KBK, nya éta:

- a) Pangalaman diajar anu saimbang antara:
  - (1) *holistika*: kaimanan, katakwaan, ahlak, moral, jeung budi pekerti luhur;
  - (2) *étika*: sopan santun, tatakrama, soméah, hadé tata hadé basa;
  - (3) *logika*: akal, pikiran, rasio;
  - (4) *éstétika*: kaéndahan rasa, karsa, émosi;
  - (5) *kinestetika*: rengkuh, peta, pasemon, peta-badani/ragawi;
  - (6) *praktika*: prakna, lakuna, jeung latihan.
- b) Ayana kasadaran yén basa Sunda téh bagian penting tina budaya Sunda, sarta budaya daérah bagian tina budaya nasional.

- c) Ayana pangaruh globalisasi dina widang élmu jeung téknologi informasi katut komunikasi (komputer, internét), anu kudu diantisipasi dina wacana.
- d) Ayana kasadaran yén kamampuh pangaweruh jeung kaparigelan basa Sunda nu bener tur merenah bisa dipake nyiar kipayah: “*life skills*”.
- e) Satata dina kasempetan: siswa luhur, tengah-tengah, jeung handap.
- f) Diajar taya watesna, salila hirup (“*long life education*”).
- g) Museur ka siswa (*subject oriented*) kalawan meunteun anu sinambung tur kompréhensif.
- h) Pamarekan gembleng-masagi (*menyeluruh*) jeung mimitran.
- i) Ngukuhan dalitna bangsa (integritas nasional).

KSK kudu bisa méré (1) dasar-dasar pangaweruh (kognitif), (2) kamaheran atawa kaparigelan (psikomotor), jeung (3) sikep nu alus (afektif). Éta tilu aspék téh kudu méré pangalaman nu pikaresepeun ka diri siswa. Ari pangalaman diajar nu pikaresepeun téh, ceuk UNĚSCO, nyoko kana opat pilar, nyaéta:

- (a) diajar mikanyaho (*learning to know*),
- (b) diajar migawé (*learning to do*),
- (c) diajar mibanda (*learning to be*), jeung
- (d) diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*).

Diajar mikanyaho (*learning to know*) diolah dina uteuk (hemisper) katuhu. Kacékasan uteuk (*kecerdasan otak*) ajénna 10%, sésana mah (90%) nyoko kana hal-hal nu patali jeung (*emotional, spiritual, social*) *question*. Anu aya dina uteuk kudu nyambung jeung nu aya dina haté. Naon sababna ka kolot kudu hormat tilawat, lantaran kolot gedé jasana ka urang. Geura tengetan ieu pupuh Masakumambang, minangka hasil ‘guneman haté jeung pikiran (uteuk)’.

Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,  
manéh kahutangan,  
ku kolot ti barang lahir,  
nepi ka ayeuna pisan.

Diajar migawé atawa kaparigelan (*learning to do, skill*) nétélakeun yén diajar téh lain ngan semet inget wungkul, dapon apal waé. tapi kudu ngarti tur surti, malah kudu parigel, boh ngucapkeunana boh migawéna. Nya ucap nya lampah (?) Diajar basa, lain keur élmu, tapi keur gaul (komunikasi). Lain diajar tata basa heula, tapi langsung bacéo, torojogan nyarita. Sing nepi ka bisa cas-cés-cos ngawangkong.

Diajar mibanda (*learning to be*) nétélakeun yén kamampuh, kamahéran, jeung batin atawa afektif kudu jadi milikna sorangan. Siswa diajar ngawangun panyangkemna sorangan kalawan rancagé (*students learn best by actively constructing their own understanding*). Ku cara kitu dipiharep siswa bisa asup kana “Gapura Panca waluya”, lima lawang pikeun hirup barina hurip, salamet di dunya jeung di ahérat, nyaéta *cageur, bageur, bener, pinter*, jeung *singer*, tapi henteu *kabalinger*.

Diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*) nyoko kana diajar ngelompok téa. Ku cara ngelompok siswa bisa gawé babarengan, rempug jukung sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak. Dina diajar sing bisa silih élédan (*sharing*) jeung babaturan. Patali jeung diajar hirup babarengan aya pupuh Pucung anu unina kieu.

Utamana jalma kudu réa batur,  
Keur silih tulungan,  
Silih titipkeun nya diri,  
Budi akal ngan ukur ti pada jalma.

Tina opat pilar diajar téh, siswa sing jadi “teuneung jeung ludeung” dina nyorang pakumbuhan. Robah sikepna, tina “sawios abdi mah di pengker”, jadi kudu aya di baris hareup. Sikep ngabaékeun kana diajar lantaran teu boga buku, “atuda teu gaduh artos kanggo mésér buku”, kudu dirobah “sanajan teu gaduh artos, buku mak tetep ngagaleuh”.

Kumaha ari susunan KSK téh? Raraga KSK Basa jeung Sastra Sunda disusun dina opat unsur utama, nya éta:

- (i) *Standar kompetensi*, anu mangrupa gambaran umum kamampuh basa jeung sastra, anu nyoko kana opat kaparigelan, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.
- (ii) *Kompetensi dasar*, anu mangrupa pedaran ngeunaan kamampuh minimal anu kudu dicangking ku siswa waktu komunikasi lisan jeung tulis;
- (iii) *Indikator*, anu mangrupa pedaran kompetensi anu leuwih husus anu kudu dicangking ku siswa pikeun cecekelan dina meunteun kahontalna hasil diajar.
- (iv) *Materi pokok*, anu mangrupa wangunan paelmuan basa jeung sastra Sunda minangka alat komunikasi; jeung

Kumaha ari *rambu-rambu jeung padika pembelajaran* basa jeung sastra Sunda? Pangajaran basa jeung sastra Sunda dumasar kana kompetensi miboga rambu-rambu, di antarana,


- (1) Enas-enasna, diajar basa téh nya éta diajar komunikasi. Ku kituna, Pangajaran basa Sunda dipuseurkeun kana kamampuh siswa dina komunikasi lisan--tulis.
- (2) Pangajaran basa Sunda ditujukeun sangkan siswa weruh, maher, jeung alus sikepna kana basa jeung sastra Sunda.
- (3) Kecap boga kalungguhan penting dina mekarkeun kognisi siswa. Kandaga kecap bisa ngabeungharan kekecapan siswa.
- (4) Pangajaran sastra Sunda ditujulkeun sangkan siswa mampuh ngaapresiasi jeung ngaekpresikeun karya sastra, anu engkena boga kaweruh sastra.
- (5) Kompetensi dasar dipuseurkeun kana kamaheran basa: maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun. Konsep basa jeung sastra dibaurkeun (diintegrasikeun) kana pangajaran kamaheran basa.

Padika atawa métodologi pangajaran basa Sunda tumali jeung tilu perkara, nya éta pamarekan, métode, jeung téhnik pembelajaran.

- a) Pamarekan (pendekatan) anu dipaké *pamarekan kompetensi komunikatif*.
- b) Métode: langsung, latihan-pola, tata basa, maca, mim-mem, ékléktik
- c) Téknik: papancén, tanya jawab, ngaragakeun, diskusi, ceramah.

.  
. .  
. .  
. .

## KOMPETENSI KOMUNIKATIF BASA



Pendekatan kompetensi komunikatif bisa dibarengan ku Pendekatan Kontekstual (*Contextual Teaching and Learning (CTL)*), nya eta konsep diajar nu mantuan guru ngaitkeun bahan nu diajarkeun jeung dunya nyata siswa, bari ngadorong siswa matalikeun kaweruh nu dicangkingna kana larapna dina kahirupan sapopoe, anu miboga ciri-ciri, di antarana, (1) gawe bareng jeung silih deudeul, (2) pikaresepeun, (3) diajar kalawan gairah, (4) pangajaran ngabaur (terintegrasi), (5) ngagunakeun rupining sumber, (6) siswa aktip, (7) silihélédan (*sharing*) jeung babaturan, (8) siswa kritis, guru kreatif, (9) pidangan karya siswa, jeung (10) laporan (rapor jeung karya siswa).

Motto:

Cara diajar nu pangalusna nya eta siswa ngawangun sorangan kalawan aktip nu dipahamna. (*Students learn best by actively constructing their own understanding*).

Strategi Pamarekan Diajar Ngajar Kontekstual nyoko kana kagiatan: (1) Cara Belajar Siswa Aktif (CBSA), (2) Pendekatan proses, (3) *life skills education*, (4) *authentic instruction*, (5) *inquiry-based learning*, (6) *problem-based learning*, (7) jeung *cooperative-learning, service learning*.

Runtuyan kagiatan pangajaran kontékstual téh nyoko kana

- (1) *activating knowledge*,
- (2) *acquiring knowledge*,
- (3) *understanding knowledge*,
- (4) *applying knowledge*, jeung
- (5) *reflecting knowledge* (Zahorik, 1995:14-22).

Komponen Pamarekan Diajar Ngajar Kontékstual ngawengku (a) *construcivism*, (b) *inquiry*, (c) *questioning*, (d) *learning community*, (e) *modeling*, (f) *reflection*, jeung (g) *authentic assessment* (ngajen sabenerna).

### 3. Makihikeun Kurikulum Standar Kompetensi

Kurikulum Standar Kompetensi (KSK) kudu dipakihikeun atawa dipatéhkeun jadi silabus jeung sistem évaluasi katut rencana pangajaran.

Naon ari silabus téh? Silabus mangrupa beungkeutan rarancang jeung susunan kagiatan pangajaran, ngolah kelas, jeung meunteun hasil diajar. Silabus mangrupa wujud operasionalisasi kompetensi dasar, pedaran matéri pokok anu leuwih spésifik, kagiatan diajar, évaluasi, jeung alokasi waktu. Ari gunana mangrupa padoman guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngolah pangajaran.

Silabus disusun ku guru di sakola, MGMP, atawa KKG, anu dipakihikeun ku Dinas Pendidikan (Kabupatén/Kota jeung Kacamatan). Tangtuna waé bari diaping ku pangawas. Dina nyusun silabus téh aya sababaraha tahap anu kudu dipilampah, nya éta:

- (1) *idéntifikasi* (idéntitas/jatidiri sakola, mata pelajaran, kelas, seméster);
- (2) ngaruntuykeun *standar kompetensi* jeung *kompeténsi dasar*;
- (3) nangtukeun bahan utama (*matéri pokok*) katut wincikanana;
- (4) milih *pangalaman diajar* (kagiatan fisik-méntal siswa patali jeung bahan);
- (5) ngawincik *Kompeténsi Dasar* kana cicirén (*indikator*) hontalan hasil diajar;
- (6) ngawincik *indikator* kana *penilaian* (warna tagihan, wangun instrumén, soal);
- (7) nangtukeun alokasi waktu; jeung
- (8) milih sumber/bahan/alat.

Pikeun mikanyaho hasil henteuna kagiatan diajar siswa atawa préstasi diajar siswa kudu diayakeun évaluasi atawa peniléyan. Ari ngaranna évaluasi téh lain ngan ukur ulangan, tapi bisa wangun lian. Ku kituna, dina pangajaran kompetensi, évaluasi téh leuwih keuna disebut “uji kompetensi”.

Évaluasi dilaksanakeun pikeun nyumponan rupa-rupa tujuan, di antarana baé,

- (1) mikanyaho tahap kahortalna kompetensi siswa,
- (2) ngukur tumuwuh jeung kamekaran siswa,
- (3) nangtukeun atawa ngadiagnosis kasulitan diajar,
- (4) mikanyaho hasil pangajaran,
- (5) mikanyaho kahortalna kurikulum,
- (6) ngadorong siswa diajar, jeung
- (7) ngadorong guru sangkan ngajar leuwih alus.

Dina nyusun alat (intrumén) évaluasi perlu dimekarkeun heula spesifikasi, anu tahap-tahapna ngawengku kagiatan (1) nangtukeun tujuan, (2) nyusun kisi-kisi, (3) milih wangun alat évaluasi, jeung (4) nangtukeun panjangna alat ngajén (meunteun, évaluasi). Kisi-kisi soal disusun dina wangun matrik. Ari gunana jadi acuan keur nu nyusun alat évaluasi. Ku ayana kisi-kisi, eusi jeung tahap kasulitan soal bakal rélatif sarua sok sanajan saha baé anu nyusunna.

Dina uji kompetensi, sakumna siswa diperedih mampuh nyumponan sakur bahan atawa kagiatan nu diujikeun, anu disebut *tagihan*. Mémang karasa siga dina kagiatan anjuk-ngahutang. Kaharti lebah dieuna mah lantaran siswa anu can nyumponan sakabéh kompetensi nu dipiharep, bakal terus ditagih. Ku ayana tagihan bakal kapanggih tilu gunduk kompetensi siswa, nya éta (a) siswa luhur, anu perlu dibéré *pengayaan*; (b) siswa siger tengah, jeung (c) siswa kurang, anu perlu *dirémidi*.

Aya sababaraha warna *tagihan*, nya éta (1) kuis, (2) pertanyaan lisan, (3) ulangan poéan, (4) ulangan blok (réndonan rupining kompetensi), (5) tugas individu, (6) tugas



kelompok, (7) réspónsi (ujian prakték), jeung (8) laporan kegiatan (praktikum, widyawisata, jsté.).

*Wangun instrumén* dina évaluasi, bisa mangrupa *tés* bisa mangrupa *non-tés*. Wangun *tés* bisa mangrupa (1) pilihan ganda, (2) uraian obyékif (BUO), (3) uraian non-obyékif (BUNO), (4) jawaban singget atawa ngalengkepan, jeung (5) ngajodokeun. Ari wangun *non-tés* bisa mangrupa (a) ngaragakeun (unjuk kerja, performans), jeung (b) portofolio (kumpulan tugas-tugas jeung karya siswa katut kamekaranana).

Conto Format Silabus jeung Sistem Penilaian:

Kompetensi Dasar	Indikator	Pengalaman Belajar	Materi Pokok	Penilaian			Alokasi Waktu	Sumber/ Bahan/ Alat
				Jenis Tagihan	Bentuk Instrumen	Soal		

Kumaha ari *rencana pangajaran*? Dina ngolah atawa makihikeun pangajaran téh aya tilu hal anu perlu diperhatikeun, nya éta (1) ngararancang, (2) ngalaksanakeun, jeung (3) meunteun. Tahap ngararancang (perencanaan) mangrupa gambaran léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina tahap ngalaksanakeun jeung tahap meunteun. Rencana pangajaran mangrupa pamekaran tina silabus. Ku kituna, unsur-unsur rencana pangajaran mirip jeung unsur-unsur silabus. Silabus disusun dina wangun matrik, ari rencana pangajaran disusun dina wangun naratif.

Contoh Format Rencana Pembelajaran:

Mata Pelajaran	:	.....
Satuan Pendidikan	:	.....
Kelas/Semester	:	.....
Alokasi Waktu	:	.....Jam pelajaran

Standar Kompetensi	:	.....
Kompetensi Dasar	:	.....
Hasil Belajar	:	.....
Indikator	:	.....
Materi Pokok	:	.....

Langkah Pembelajaran

a. Kegiatan Awal  
.....

b. Kegiatan Inti  
.....

c. Kegiatan Akhir  
.....

Sarana dan Sumber Belajar  
.....  
.....

Penilaian

1. Tertulis  
.....

2. Kinerja (performansi)  
.....

3. Produk  
.....

4. Penugasan/Proyek  
.....

5. Portofolio  
.....

# MODEL PEMBELAJARAN NGAREGEPKEUN DUMASAR KANA KOMPETENSI

**Drs. Dingding Haerudin, M.Pd.**

## **1. Bubuka**

Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda tujulna kana hakekat pangajaran basa, yen diajar basa téh nya éta diajar komunikasi, ari diajar sastra nya éta diajar ngajénan manusa katut ajén-inajén kamanusaan. Ku kituna, pangajaran basa Sunda ditujulkeun kana undakna kamampuh komunikasi murid dina basa Sunda, boh lisan boh tulis, sarta ngajénan kana hasil rékacipta manusa Sunda. Ieu standar kompetensi téh ditujukeun sangkan murid siap nampa (ngaakses) rupining wawaran ngeunaan kakayaan budaya masarakat Sunda.

Pangajaran basa jeung sastra Sunda sacara umum miboga tujuan anu ngawengku: a) Murid ngajenan jeung mikareueus basa Sunda jadi basa daerah jeung basa resmi kadua di Jawa Barat sabada basa Indonésia; b) Murid maham basa Sunda tina jihat wangun, harti, jeung fungsi, sarta makna kalawan keuna tur rancagé keur rupa-rupa tujuan, kaperluan, jeung kaayaan; c) Murid mampuh ngagunakeun basa Sunda pikeun ngundakkeun disiplin mikir, kamampuh inteléktual, kasawawaan émosional jeung sosial; d) Murid mampuh ngararasakeun jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun mekarkeun kapribadian, ngajembaran wawasan kahirupan, sarta ngundakkeun pangaweruh jeung kamampuh basa Sunda; jeung e) Murid ngajénan jeung mikareueus sastra Sunda minangka kakayaan budaya jeung inteléktual manusa Sunda,

Kamampuh anu bisa dipilampah ku murid téh anu raket patalina jeung pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep basa disebutna *kompeténsi*. Ari kompetensi anu kudu dipimilik ku murid dina hiji mata pelajaran disebutna *standar kompetensi*. Standar kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda mangrupa acuan program pikeun mekarkeun pangaweruh basa jeung sastra Sunda, kamampuh maké basa jeung sastra Sunda, sarta sikep positif kana basa jeung sastra Sunda.

Aspék kamampuh basa nyoko kana ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Aspék kamampuh sastra nyoko kana kagiatan apresiasi jeung éksprési sastra. Apresiasi sastra dipilampah ku cara ngaregepkeun jeung maca, ari ekspresi sastra dipilampah ku cara nyarita jeung nulis.

Maca jeung ngaregepkeun mangrupa dua kamaheran basa anu sipatna reseptif. Kamaheran reseptif maca lumangsung dina basa tinulis, nya eta lumangsung ku cara maca wacana, sedengkeun kamaheran reseptif ngaregepkeun lumangsung dina basa lisan. Informasi reseptif anu katarima ku cara maca jeung ngaregepkeun teh ajenna gumantung kana intensitas kenteuna proses ngaregepkeun jeung proses maca. Ku kituna proses maca jeung jeung ngaregepkeun identik jeung proses mikir enggoning ngolah informasi. Nya ngajanggelek jadi pangaweruh jeung pamahaman.

Nyarita jeung nulis mangrupa dua kamaheran basa anu sipatna produktif. Kamaheran produktif dina nyarita lumangsung dina basa lisan, sedengkeun kamaheran produktif dina kamaheran nulis lumangsung dina basa tulisan. Boh kamampuh nulis boh kamampuh nyarita pada-pada aya patalina jeung mikir. Mikir dina nyarita jeung dina nulis dikedalkeun mangrupa aktivitas laku basa kayaning usul, nepikeun gagasan, pangalaman, kahayang, jeung sajabana.

Ambahan bahan ulikan Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda ngawengku aspék kamampuh basa jeung sastra. Aspék kamampuh basa nyoko kana ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Aspék kamampuh sastra nyoko kana kagiatan apresiasi jeung éksprési sastra. Apresiasi sastra dipilampah ku cara ngaregepkeun jeung maca, ari éksprési sastra dipilampah ku cara nyarita jeung nulis.

## **2. Kompetensi, Indokator, jeung Materi Lulugu**

Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda eusina mangrupa beungkeutan kompetensi nu kudu dipimilik jeung dihontal ku murid dina unggal tahapan. Ieu raraga téh diwangun ku opat unsur utama, nya éta (1) standar kompetensi, (2) kompetensi dasar, (3) indikator, jeung (4) matéri lulugu (pokok).

*Standar Kompetensi* mangrupa kompetensi anu kudu dipimilik ku murid dina hiji mata pelajaran di tahapan jeung kelas nu tangtu. Standar kompetensi museur kana kamampuh basa jeung sastra Sunda, anu ngamuara kana kagiatan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

*Kompeténsi Dasar* mangrupa kamampuh minimal atawa cukul ngeunaan pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep nu diébréhkeun dina kabiasaan mikir jeung milampah sabada murid ngaréngséken rupa-rupa aspék mata pelajaran. Kompetensi Dasar basa jeung sastra Sunda museur kana kamampuh nu kudu dikawas ku murid dina komunikasi lisan (ngaregepkeun-nyarita) jeung komunikasi tulis (maca-nulis) saluyu jeung kaédah basa katut sastra Sunda. Ieu kompetensi téh kudu dipimilik jeung dimekarkeun kalawan maju tur sinambung sajalan jeung kamekaran murid, anu tujulna sangkan mahér komunikasi jeung ngaréngsékeun masalah. Kahontalna kompetensi dasar téh dipilampah ku prosés marigelkeun nu dilatihkeun jeung kaalaman ku murid.

*Indikator* atawa cicirén mangrupa wincikan husus (*spesifik*) tina kompetensi dasar anu kudu dikawasa ku murid dina tahapan nu tangtu sarta bisa dipaké calecer keur meunteun kahontalna hasi diajar.

*Materi Pokok* atawa lulugu mangrupa bahan nu diajangkeun keur ngahontal kompetensi komunikatif, anu wujudiahna bisa mangrupa teks atawa lain téks (tabél, bagan, gambar, jsb.), eusi tina kagiatan atawa hasilna, anu bisa dipaké pamiangan geusan mekarkeun kompetensi dasar jadi bahan ajar jeung indikator jadi bahan ujian.

Contona bisa ditiénan dina tabel ieu di handap.

## KELAS I

### 1. Menyimak (*Ngaregepkeun*)

Standar Kompetensi: Mampu menyimak, memahami, serta menanggapi berbagai jenis bunyi bahasa, dongeng, dan perintah sederhana.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
1.1.1 Menyimak dan membedakan <i>sora basa</i> .	<ul style="list-style-type: none"><li>Dapat menyimak dengan sikap baik (<i>saregep</i>).</li><li>Dapat menyimak bunyi é, e, dan eu dalam kata.</li><li>Dapat melafalkan é, e, dan eu dalam berbagai kata.</li><li>Dapat membedakan bunyi vokal é, e, eu.</li></ul>	Kata-kata berfonem é, e, eu
1.1.2 Menyimak dongeng dibacakan guru	<ul style="list-style-type: none"><li>Dapat menyimak dengan sikap baik.</li><li>Dapat menyebutkan pelaku (<i>palaku</i>) dalam dongeng</li><li>Dapat menanggapi karakter <i>palaku</i> dalam dongeng</li></ul>	Dongeng <i>sasatoan</i>
1.1.3 Menyimak dan menanggapi dengan perbuatan.	<ul style="list-style-type: none"><li>Dapat menyimak dengan sikap baik.</li><li>Dapat menunjukkan gambar sesuai dengan nama-nama yang didengar.</li><li>Dapat mengisi kolom atau memberi tanda gambar sesuai dengan informasi (konsep) yang disimak.</li></ul>	Gambar (binatang, benda, tumbuhan)
1.1.4 Menyimak perintah ( <i>parentah</i> ) sederhana.	<ul style="list-style-type: none"><li>Dapat menyimak dengan sikap baik.</li><li>Dapat menyebutkan isi perintah yang harus dilakukan</li><li>Dapat melakukan tugas/perintah sesuai dengan apa yang didengar.</li></ul>	Kalimat perintah ( <i>kalimah parentah</i> )

## KELAS IV

### 1. Menyimak (*Ngaregepkeun*)

Standar Kompetensi: Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai jenis wacana lisan berupa *carita pondok*, *guguritan*, dan pengumuman (*bewara*).

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
4.1.1 Menyimak <i>carita pondok</i> .	<ul style="list-style-type: none"><li>Dapat mengajukan dan menjawab pertanyaan untuk memperjelas pemahaman.</li><li>Dapat menceritakan hal-hal yang menarik dari cerita.</li><li>Dapat menanggapi cerita teman dengan bertanya.</li><li>Dapat menghubungkan pengalaman sendiri dengan memperhatikan penggunaan kalimat dan pilihan kata</li></ul>	<i>Carita pondok</i> .
4.1.2 Menyimak pembacaan puisi <i>guguritan</i> .	<ul style="list-style-type: none"><li>Dapat menyimak dengan sikap yang baik.</li><li>Dapat menceritakan isi <i>guguritan</i> dengan parafrase.</li><li>Dapat menanggapi isi <i>guguritan</i>.</li><li>Dapat menembangkan <i>guguritan</i>.</li></ul>	<i>Guguritan – pupuh</i> sederhana
4.1.3 Menyimak pengumuman ( <i>wawaran</i> )	<ul style="list-style-type: none"><li>Dapat menyimak dengan sikap yang baik.</li><li>Dapat mengajukan dan menjawab pertanyaan untuk memperjelas isi <i>bewara</i>.</li><li>Dapat menceritakan hal-hal menarik dari <i>bewara</i>.</li><li>Dapat menanggapi isi <i>bewara</i> dengan bertanya kepada teman.</li><li>Dapat menghubungkan pengalaman sendiri dengan memperhatikan penggunaan kalimat dan pilihan kata</li></ul>	<i>Wawaran</i>

### 3. Model Pembelajaran

Léngkah munggaran anu perlu diperhatikeun ku guru saméméh ngarencanakeun jeung ngalaksanakeun pangajaran basa Sunda di SD nya éta wanoh heula kana padoman atawa pituduh anu bisa ditingali dina kurikulum/GBPP, buku-buku jeung sumber-sumber diajar séjénna anu aya patalina jeung pangajaran basa Sunda.

Dina ngolah atawa makihikeun pangajaran téh aya tilu hal anu perlu diperhatikeun, nya éta (1) ngararancang, (2) ngalaksanakeun, jeung (3) meunteun.

#### a) Model Pembelajaran Ngaregepkeun di SD Kelas I

### RENCANA PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan: Sekolah Dasar

Mata pelajaran: Bahasa Daerah/Sunda

Materi Pokok: Kata-kata berfonem é, e, eu

Kelas/Semester: I/1

Alokasi Waktu: 2 jam pelajaran

#### I. STANDAR KOMPETENSI

Mampu menyimak, memahami, serta menanggapi berbagai jenis bunyi bahasa, dongeng, dan perintah sederhana.

#### II. KOMPETENSI DASAR

Menyimak (*ngaregepkeun*) dan membedakan *sora basa* (bunyi bahasa)

#### III. INDIKATOR

Dapat menyimak dengan sikap baik (*saregep*).

Dapat menyimak bunyi é, e, dan eu dalam berbagai kata.

Dapat melafalkan é, e, dan eu dalam berbagai kata.

Dapat membedakan bunyi vokal é, e, eu.

#### IV. KEGIATAN PEMBELAJARAN

##### a. Persiapan

Dina persiapan pangajaran biasana leuwih museur kana kagiatan guru, upamana saperti ieu di handap.

- Guru ngumpulkeun kecap-kecap anu mibanda sora é, e, dan eu;

- Guru ngarapihkeun murid sangkan museurkeun pangrunguna (*saregep*);

- Guru ngecék kasayagaan murid pikeun narima pangajaran anyar, upamana nanyakeun ka murid kecap anu mibanda sora é, e, dan eu.

Upamana : Kecap naon wae anu ngabogaan sora é?

Kecap naon wae anu ngabogaan sora e?

Kecap naon wae anu ngabogaan sora eu?

b. Kegiatan Inti (pembelajaran)

- Dina ieu kegiatan ngawengku tahapan eksplorasi, konsolidasi pembelajaran, ngawangun sikep jeung prilaku siswa, upamana saperti ieu di handap.
- Guru nataan/nyebutan kecap-kecap anu mibanda sora *é, e, eu* (utamana kecap-kecap nu aya sabudeureun kelas jeung diri murid atawa anu geus dipikawanoh ku murid)
  - Guru nyebutan kecap-kecap sejenna anu mibanda sora *é, e, eu*, saperti nu mibanda sora *eu*: *leuleus, beuheung, teureuy, areuy, ageun, hieum*; nu mibanda sora *é*: *lélés, éntog, émbér, éncér, léntah, lébér*; jeung nu mibanda sora *e*: *angen, adek, endog, hiem, bedug, jste*.
  - Murid ngaregepkeun kecap-kecap nu disebutan ku guru anu mibanda sora *é, e, jeung eu*;
    - Murid ngalapalkeun deui kalawan bener kecap-kecap anu disebutan ku guru;
    - Murid nyebutan kecap-kecap séjénna anu mibanda sora *é, e, eu*
    - Murid ngabedakeun sora *é, e, dan eu* ku cara nuliskeun deui kecap-kecap nu disebutan ku guru. Upamana sora *eu*: *leuleus, beuheung, teureuy, areuy, ageun, hieum*; sora *é*: *lélés, éntog, émbér, éncér, léntah, lébér*; jeung sora *e*: *angen, adek, endog, hiem, bedug, jste*.

c. Panutup

Murid bisa ngabedakeun jeung nuliskeun kecap-kecap anu mibanda sora *é, e, dan eu*.

## V. DESAIN PEMBELAJARAN

- a. Pendekatan Pembelajaran
  - Pendekatan kompetensi komunikatif
  - Pendekatan kontekstual
- b. Metode Pembelajaran
  - Metode langsung
- c. Teknik Pembelajaran
  - Mere tugas

## VI. MEDIA PEMBELAJARAN (Alat jeung Sumber Belajar)

- Téks atawa kecap-kecap anu ngandung sora *é, e, jeung eu*.
- Kaset rekaman ngeunaan kecap-kecap anu ngandung sora *é, e, jeung eu*.

## VII. EVALUASI

a. Tes lisan

- Cing sebutkeun deui ku hidep kecap-kecap: mibanda sora *eu*: *leuleus, beuheung, teureuy, areuy, ageun, hieum*; mibanda sora *é*: *lélés, éntog, émbér, éncér, léntah, lébér*; jeung nu mibanda sora *e*: *angen, adek, endog, hiem, bedug, jste*.
- Tuliskeun ku hidep kecap-kecap *leuleus, beuheung, teureuy, areuy, ageun, hieum*; *lélés, éntog, émbér, éncér, léntah, lébér*; *angen, adek, endog, hiem, jeung bedug*.

b. Warna tagihan

Tugas individual, nya eta tulisan murid nu eusina kecap-kecap saperti *leuleus*, *beuheung*, *teureuy*, *areuy*, *ageun*, *hieum*, *lélés*, *éntog*, *émbér*, *éncér*, *léntah*, *lébér*; *angen*, *adek*, *endog*, *hiem*, jeung *bedug*.

c. Portopolio

Guru maluruh jeung nganalisis hasil pagawean (tulisan) murid ngeunaan kecap-kecap anu mibanda sora *é*, *e*, jeung *eu* saperti *leuleus*, *beuheung*, *teureuy*, *areuy*, *ageun*, *hieum*, *lélés*, *éntog*, *émbér*, *éncér*, *léntah*, *lébér*; *angen*, *adek*, *endog*, *hiem*, jeung *bedug* anu ditulis tina hasil ngaregepkeun (dikte)

**b) Model Pembelajaran Ngaregepkeun di SD Kelas IV**

**RENCANA PEMBELAJARAN**

Satuan Pendidikan: Sekolah Dasar

Mata pelajaran: Bahasa Daerah/Sunda

Materi Pokok: Pengumuman (*Wawaran*)

Kelas/Semester: IV/1

Alokasi Waktu: 2 jam pelajaran

**I. STANDAR KOMPETENSI**

Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai jenis wacana lisan berupa *carita pondok*, *guguritan*, dan pengumuman (*bewara*).

**II. KOMPETENSI DASAR**

Menyimak pengumuman (*bewara*)

**III. INDIKATOR**

- Dapat menyimak dengan sikap yang baik.
- Dapat mengajukan dan menjawab pertanyaan untuk memperjelas isi *bewara*.
- Dapat menceritakan hal-hal yang menarik dari *bewara*.
- Dapat menanggapi isi *bewara* dengan bertanya kepada teman.
- Dapat menghubungkan pengalaman sendiri dengan memperhatikan penggunaan kalimat dan pilihan kata.

**IV. KEGIATAN PEMBELAJARAN**

a. Tatahar (apersepsi)

- Guru nyayagikeun teks pengumuman (*bewara*)
- Guru nyayagikeun kaset pengumuman (*bewara*) katut tape recorder
- Guru ngarapihkeun murid sangkan museurkeun pangrunguna (*saregep*);
- Guru ngecek kasayagaan murid pikeun narima pangajaran anyar, upamana nanyakeun ka murid ngeunaan *bewara* nu kungsi didengekeun dina radio.  
Cing saha anu kungsi ngadengekeun *bewara* dina radio?  
*Bewara* ngeunaan naon anu kungsi didengekeun ku hidep?



b. Kegiatan Inti (pembelajaran)

- Guru nyetel kaset nu eusina ngeunaan bewara.
- Guru maca salah sahiji bewara.
- Murid ngaregepkeun kalawan daria.
- Murid nyatet bewara anu diregepkeunana.
- Murid ngabewarakeun deui bewara anu diregepkeunana.
- Murid nanyakeun hal anu teu jelas dina eusi bewara.
- Murid ngajawab pertanyaan anu patalina jeung eusi bewara.
- Murid ngajentrekeun deui eusi bewara.
- Murid netelakeun sawatara hal anu ngirut dina eusi berawa.
- Murid nepikeun tanggapan kana eusi bewara.
- Murid nyawalakeun eusi bewara jeung pada baturna.
- Murid matalikeun eusi bewara jeung lalampahan/pangalaman dirina.
- Murid nitenan basa nu digunakeun dina eta bewara.
- Murid nitenan kecap-kecap anu dipake dina bewara.

c. Panutup

Murid maham kana eusi jeung basa anu digunakeun dina bewara.

V. DESAIN PEMBELAJARAN

a. Pendekatan Pembelajaran

- Pendekatan kompetensi komunikatif
- Pendekatan kontekstual

b. Metode Pembelajaran

- Metode langsung
- Metode teu langsung

c. Teknik Pembelajaran

- Latihan, tugas

VI. MEDIA PEMBELAJARAN (Alat jeung Sumber Belajar)

- Téks bewara (hasil nyusun guru, nyutat tina Koran atawa majalah)
- Kaset rekaman ngeunaan bewara.

Conto materi:

**BEWARA**

Pikeun ngareuah-reuah tepung taun proklamasi, SD Cijerah VI Bandung Kulon, bakal ngayakeun rupa-rupa kagiatan. Di antarana olahraga jeung pasanggiri ngarang. Waktuna ti mimiti 10 nepi ka 17 Agustus 2004.

Eta kagiatan kabeh diajangkeun keur murid-murid. Olahraga ti mimiti kelas hiji nepi ka kelas genep. Sedengkeun pasanggri ngarang, husus keur murid-murid kelas opat, lima jeung kelas genep.

Prak geura dalaptar ti ayeuna keneh, ka wali kelasna masing-masing. Keur para pinunjul, panitia nyadiakeun rupa-rupa hadiah. Piala, piagem, jeung buku bacaan.

Bandung, 5 Agustus 2004

Ketua Panitia,

Drs. Hidayat Susanto

## VII. EVALUASI

### a. Tes lisan

- Murid dibere pancen saurang-saurang pikeun galantangkeun deui bewara anu diregepkeunana.
- Murid ditugaskeun pikeun nuliskeun deui bewara anu bieu diregepkeun ku basa sorangan.
- Murid ditugaskeun pikeun nataan eusi anu aya dina bewara.

Conto pertanyaan sejenna:

1. Rek mieling naon cenah SD Cijerah VI teh?
2. Ngayakeun kagiatan naon bae cenah?
3. Diajangeun keur saha bae eta kagiatan teh?
4. Murid kelas sabaraha anu bisa milui kana kagiatan olahraga?
5. Ari anu miluan pasanggiri ngarang, kelas sabaraha bae?
6. Naon bae cenah hadiahna?
7. Biasana dina naon bewara Agustusan dipasangna?

### b. Warna tagihan

Tugas individual: Unggal murid ditugaskeun pikeun ngaregepkeun bewara dina radio.

### c. Portopolio

Guru maluruh jeung nganalisis hasil pagawean (tulisan) murid ngeunaan bewara hasil ngaregepkeun dina radio.

# MODEL PEMBELAJARAN NYARITA DUMASAR KANA KOMPETENSI

**Drs. H. Elin Sjamsuri**

## **1. Bubuka**

Pangajaran basa jeung sastra Sunda sacara umum miboga tujuan anu ngawengku: a) Murid ngajenan jeung mikareueus basa Sunda jadi basa daerah jeung basa resmi kadua di Jawa Barat sabada basa Indonésia; b) Murid maham basa Sunda tina jihat wangun, harti, jeung fungsi, sarta makna kalawan keuna tur rancagé keur rupa-rupa tujuan, kaperluan, jeung kaayaan; c) Murid mampu ngagunakeun basa Sunda pikeun ngundakkeun disiplin mikir, kamampuh inteléktual, kasawawaan émosional jeung sosial; d) Murid mampu ngararasakeun jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun mekarkeun kapribadian, ngajembaran wawasan kahirupan, sarta ngundakkeun pangaweruh jeung kamampuh basa Sunda; jeung e) Murid ngajénan jeung mikareueus sastra Sunda minangka kakayaan budaya jeung inteléktual manusa Sunda.

Standar Kompeténsi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda tujulna kana hakekat pangajaran basa, yen diajar basa téh nya éta diajar komunikasi, ari diajar sastra nya éta diajar ngajénan manusa katut ajén-inajén kamanusaan. Ku kituna, pangajaran basa Sunda ditujulkeun kana undakna kamampuh komunikasi murid dina basa Sunda, boh lisan boh tulis, sarta ngajénan kana hasil rékacipta manusa Sunda. Ieu standar kompetensi téh ditujukeun sangkan murid siap nampa (ngaakses) rupining wawaran ngeunaan kakayaan budaya masarakat Sunda.

Kamampuh anu bisa dipilampah ku murid téh anu raket patalina jeung pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep basa disebutna *kompeténsi*. Ari kompetensi anu kudu dipimilik ku murid dina hiji mata pelajaran disebutna *standar kompeténsi*. Standar kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda mangrupa acuan program pikeun mekarkeun pangaweruh basa jeung sastra Sunda, kamampuh maké basa jeung sastra Sunda, sarta sikep positif kana basa jeung sastra Sunda.

Aspék kamampuh basa nyoko kana ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Aspék kamampuh sastra nyoko kana kagiatan apresiasi jeung éksprési sastra. Apresiasi sastra dipilampah ku cara ngaregepkeun jeung maca, ari ekspresi sastra dipilampah ku cara nyarita jeung nulis.

Maca jeung ngaregepkeun mangrupa dua kamaheran basa anu sipatna reseptif. Kamaheran reseptif maca lumangsung dina basa tinulis, nya eta lumangsung ku cara maca wacana, sedengkeun kamaheran reseptif ngaregepkeun lumangsung dina basa lisan. Informasi reseptif anu katarima ku cara maca jeung ngaregepkeun teh ajenna gumantung kana intensitas kenteuna proses ngaregepkeun jeung proses maca. Ku kituna proses maca jeung jeung ngaregepkeun identik jeung proses mikir enggoning ngolah informasi. Nya ngajanggelek jadi pangaweruh jeung pamahaman.

Nyarita jeung nulis mangrupa dua kamaheran basa anu sipatna produktif. Kamaheran produktif dina nyarita lumangsung dina basa lisan, sedengkeun kamaheran produktif dina kamaheran nulis lumangsung dina basa tulisan. Boh kamampuh nulis boh kamampuh nyarita pada-pada aya patalina jeung mikir. Mikir dina nyarita jeung dina nulis dikedalkeun mangrupa aktivitas laku basa kayaning usul, nepikeun gagasan, pangalaman, kahayang, jeung sajabana.

Ambahan bahan ulikan Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda ngawengku aspék kamampuh basa jeung sastra. Aspék kamampuh basa nyoko kana ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Aspék kamampuh sastra nyoko kana kagiatan apresiasi jeung éksprési sastra. Apresiasi sastra dipilampah ku cara ngaregepkeun jeung maca, ari ekspresi sastra dipilampah ku cara nyarita jeung nulis.

## 2. Kompetensi, Indokator, jeung Materi Lulugu

Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda eusina mangrupa beungkeutan kompetensi nu kudu dipimilik jeung dihontal ku murid dina unggal tahapan. Ieu raraga téh diwangun ku opat unsur utama, nya éta (1) standar kompetensi, (2) kompetensi dasar, (3) indikator, jeung (4) matéri lulugu (pokok).

*Standar Kompetensi* mangrupa kompetensi anu kudu dipimilik ku murid dina hiji mata pelajaran di tahapan jeung kelas nu tangtu. Standar kompetensi museur kana kamampuh basa jeung sastra Sunda, anu ngamuara kana kagiatan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

*Kompeténsi Dasar* mangrupa kamampuh minimal atawa cukul ngeunaan pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep nu diébréhkeun dina kabiasaan mikir jeung milampah sabada murid ngaréngsékeun rupa-rupa aspék mata pelajaran. Kompetensi Dasar basa jeung sastra Sunda museur kana kamampuh nu kudu dikawas ku murid dina komunikasi lisan (ngaregepkeun-nyarita) jeung komunikasi tulis (maca-nulis) saluyu jeung kaédah basa katut sastra Sunda. Ieu kompetensi téh kudu dipimilik jeung dimekarkeun kalawan maju tur sinambung sajalan jeung kamekaran murid, anu tujulna sangkan mahér komunikasi jeung ngaréngsékeun masalah. Kahontalna kompetensi dasar téh dipilampah ku prosés marigelkeun nu dilatihkeun jeung kaalaman ku murid.

*Indikator* atawa cicirén mangrupa wincikan husus (*spesifik*) tina kompetensi dasar anu kudu dikawasa ku murid dina tahapan nu tangtu sarta bisa dipaké calecer keur meunteun kahontalna hasi diajar.

*Materi Pokok* atawa lulugu mangrupa bahan nu diajangkeun keur ngahontal kompetensi komunikatif, anu wujudiahna bisa mangrupa teks atawa lain téks (tabél, bagan, gambar, jsb.), eusi tina kagiatan atawa hasilna, anu bisa dipaké pamiangan geusan mekarkeun kompetensi dasar jadi bahan ajar jeung indikator jadi bahan ujian.

Contona bisa ditiénan dina tabel ieu di handap.

### Kelas I

#### 2. Berbicara (Nyarita)

Standar Kompetensi: Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam percakapan (*guneman*), permintaan ijin, pengenalan (*ngawanohkeun*) diri, penyebutan berbagai jenis gambar dan gambar bercerita.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
1.2.1 Bercakap-cakap dengan teman.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat bercakap-cakap dengan sikap yang baik.</li> <li>Dapat mengemukakan berbagai pertanyaan sederhana kepada teman sekelas dengan menggunakan kalimat tanya yang santun.</li> <li>Dapat memberi jawaban sederhana terhadap berbagai pertanyaan yang diajukan oleh teman sekelas.</li> </ul>	Percakapan
1.2.2 Mengemukakan permintaan izin.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat meminta izin kepada sesama teman dengan menggunakan kalimat yang santun.</li> <li>Dapat meminta izin kepada guru dengan menggunakan kalimat yang santun.</li> <li>Dapat meminta izin kepada orang tua (ayah, ibu) dengan</li> </ul>	Kalimat permintaan

	menggunakan kalimat yang santun.	
1.2.3 Memperkenalkan diri.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menyebutkan identitas diri sendiri.</li> <li>• Dapat menyebutkan nama saudara dan orang tua serta pekerjaannya.</li> <li>• Dapat menyebutkan alamat dengan jelas.</li> </ul>	Perkenalan
1.2.4 Menyebutkan berbagai jenis gambar benda.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menyebutkan nama gambar benda-benda budaya.</li> <li>• Dapat menyebutkan nama gambar benda-benda alam.</li> <li>• Dapat menyebutkan kegunaan atau fungsi benda-benda dalam gambar benda budaya alam.</li> </ul>	Gambar benda-benda budaya/alam
1.2.5 Menerangkan berbagai jenis gambar peristiwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menerangkan berbagai gambar peristiwa dengan latar belakang halaman sekolah.</li> <li>• Dapat menerangkan berbagai gambar peristiwa dengan latar belakang jalan raya.</li> </ul>	Gambar peristiwa

## Kelas IV

### 2. Berbicara (*Nyarita*)

**Standar Kompetensi:** Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam bercerita (*ngadongeng*), menceritakan benda di lingkungan, menyampaikan permintaan, menegur (*nyaram*), memberi tanggapan, mengkritik atau memuji dengan alasan, menyebutkan dan menjelaskan, dan melakukan *paguneman*.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
4.2.1 Bercerita tentang kegemaran.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menceritakan kegemaran sendiri dengan menggunakan kalimat campuran (tunggal dan majemuk).</li> <li>• Dapat menceritakan kegemaran sendiri dengan lafal dan intonasi (<i>lentong</i>) yang benar.</li> </ul>	Kegemaran
4.2.2 Menceritakan benda di lingkungan.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menguraikan bagian atau rincian suatu benda dengan menggunakan kalimat yang runtut dan mudah dimengerti oleh orang lain.</li> <li>• Dapat menceritakan benda di lingkungan dengan lafal dan intonasi (<i>lentong</i>) yang benar.</li> <li>• Dapat menceritakan benda-benda dengan gaya dan mimik yang sopan.</li> </ul>	Tanaman atau benda-benda di lingkungan
4.2.3 Menyampaikan permintaan.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menyatakan permintaan kepada orang tua dengan bahasa yang santun.</li> </ul>	Kalimat permintaan
4.2.4 Menegur ( <i>nyaram</i> )	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menegur teman dengan menggunakan bahasa yang santun.</li> <li>• Dapat menegur teman di depan orang banyak dengan bahasa yang santun.</li> </ul>	Kalimat teguran
4.2.5 Mengkritik atau memberikan pujian.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menyebutkan perbedaan dan persamaan dua benda dengan menggunakan bahasa runtut.</li> <li>• Dapat menjelaskan yang satu lebih baik dengan memberikan argumen atau alasan.</li> </ul>	Benda tertentu
4.2.6 Melakukan percakapan ( <i>paguneman</i> ) melalui telepon	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat melakukan percakapan melalui telepon dengan menggunakan kalimat yang ringkas, jelas, dan mudah dimengerti.</li> <li>• Dapat bercakap-cakap dengan teman melalui telepon dengan bahasa yang santun.</li> <li>• Dapat bercakap-cakap dengan orang lain melalui telepon dengan bahasa yang santun.</li> </ul>	Percakapan

### 3. Model Pembelajaran

Léngkah munggaran anu perlu diperhatikeun ku guru saméméh ngarencanakeun jeung ngalaksanakeun pangajaran basa Sunda di SD nya éta wanoh heula kana padoman atawa pituduh anu bisa ditingali dina kurikulum/ GBPP, buku-buku jeung sumber-sumber diajar séjénna anu aya patalina jeung pangajaran basa Sunda.

Dina ngolah atawa makihikeun pangajaran téh aya tilu hal anu perlu diperhatikeun, nya éta (1) ngararancang, (2) ngalaksanakeun, jeung (3) meunteun. Tahap ngararancang (perencanaan), jeung (3) mangrupa gambaran léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina tahap ngalaksanakeun

#### a) Model Pembelajaran Nyarita di SD Kelas 1

##### RENCANA PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan:	Sekolah Dasar
Mata pelajaran:	Bahasa Daerah/Sunda
Materi Pokok:	Percakapan ( <i>guneman</i> )
Kelas/Semester:	1/1
Alokasi Waktu:	2 jam pelajaran

#### I. STANDAR KOMPETENSI:

Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam percakapan (*guneman*), permintaan ijin, perkenalan (*ngawanohkeun*) diri, menyebutkan berbagai jenis gambar dan gambar bercerita.

#### II. KOMPETENSI DASAR

Memperkenalkan diri.

#### III. INDIKATOR

- Dapat menyebutkan identitas diri sendiri.
- Dapat menyebutkan nama saudara dan orang tua serta pekerjaannya.
- Dapat menyebutkan alamat dengan jelas.

#### IV. KEGIATAN PEMBELAJARAN

##### a. Persiapan

- Guru tatahar bahan, nyusun kalimah pananya nu eusina nanyakeun identitas diri murid (ngaran, ngaran indung, bapa, adi, lanceuk, dulur sejenna, katut alamat).
- Guru ngarapihkeun murid sangkan saregep pikeun narima pangajaran.

##### b. Kegiatan Inti (pembelajaran)

Dina ieu kagiatan ngawengku tahapan eksplorasi, konsolidasi pembelajaran, ngawangun sikep jeung prilaku siswa, upamana saperti ieu di handap.

- Guru nepikeun pertanyaan ka murid (ngeunaan ngaran, ngaran indung, bapa, adi, lanceuk, dulur sejenna, katut alamat)

- Murid nyebutkeun ngaranna kalawan lengkep.
- Murid nyebutkeun ngaran dirina.
- Murid nyebutkeun tempat jeung tanggal lahir.
- Murid nyebutkeun umurna.
- Murid nyebutkeun ngaran kolotna (indung jeung bapana)
- Murid nyebutkeun pagawean kolotna (indung, bapa)
- Murid nyebutkeun jumlah dulurna (adi jeung lanceukna)
- Murid nyebutkeun ngaran dulurna (adi jeung lanceukna).
- Murid nyebutkeun sakola dulurna (adi jeung lanceukna)
- Murid nyebutkeun alamatna (imah) padumukanana.

c. Panutup

Murid nyebutkeun identitas dirina, anggota kulawargana jeung alamatna.

## V. DESAIN PEMBELAJARAN

### a. Pendekatan Pembelajaran

- Pendekatan kompetensi komunikatif
- Pendekatan kontekstual

### b. Metode Pembelajaran

- Métode langsung
- Métode teu langsung

### c. Téhnik Pembelajaran

- Latihan, tugas

## VI. MEDIA PEMBELAJARAN (Alat jeung Sumber Belajar)

- Téks atawa kecap-kecap anu medar perkara identitas diri.

Conto Materi:

Ngaran **abdi Oki**  
 Ngaran kuring Oki  
 Wasta abdi Oki  
 Wasta pun Oki  
 Kuring dilahirkeun di Bandung  
 Abdi dilahirkeun di Bandung  
 Tanggal 22 Agustus taun '95  
 Kaping 22 Agustus taun '95  
 Pun bapa jenenganana Maman  
 Pun Bapa namina Maman  
 Didamelna di Telkom  
 Padamelanana icalan di Pasar Baru  
 Pun biang jenenganana Minah  
 Pun biang namina Minah  
 Padamelanana Guru Basa Sunda  
**Kuring** boga dulur dua  
 Abdi gaduh wargi dua

Lanceuk kuring ngarana Oding  
Pun lanceuk mah namina Oding  
Sakolana di SD Karya Siswa  
Adi kuring ngaranana Oti  
Pun adi namina Oti  
Sakolana di SD Cibogo 2  
Imah kuring di Jalan Sukajadi, Gang Sukagalih, No. 21  
Ngaran kuring oki

## VII. EVALUASI

### a. Tés lisan

- Murid dibéré pancén pikeun nyebutkeun identitas dirina (ti mimiti ngaran, tempat jeung tanggal lahir, asal, agama, ngaran bapa, jumlah dulur, ngaran adi, ngaran lanceuk, sakola adi, sakola lanceuk, jste.)

Conto pertanyaan séjénna

1. Saha ngaran hidep?
2. Ari hidep dilahirkeun di mana?
3. Di mana bumi teh?
4. Sabaraha urang dulur hidep?
5. Lanceuk hidep ngarana saha?
6. Ari gaduh rai?
7. Saha ngarana rai hidep téh?

### b. Warna tagihan

Tugas individual: Unggal murid ditugaskeun pikeun nuliskeun identitas diri (ti mimiti ngaran, tempat jeung tanggal lahir, asal, agama, ngaran bapa, jumlah dulur, ngaran adi, ngaran lanceuk, sakola adi, sakola lanceuk, jste.)

### c. Portopolio

Guru maluruh jeung nganalisis hasil pagawéan (tulisan) murid ngeunaan (ti mimiti ngaran, tempat jeung tanggal lahir, asal, agama, ngaran bapa, jumlah dulur, ngaran adi, ngaran lanceuk, sakola adi, sakola lanceuk, jste.)

## b) Model Pembelajaran Nyarita di SD Kelas IV

### RENCANA PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan:	Sekolah Dasar
Mata pelajaran:	Bahasa Daerah/Sunda
Materi Pokok:	Kalimat Permintaan
Kelas/Semester:	1V/1
Alokasi Waktu:	2 jam pelajaran



## I. STANDAR KOMPETENSI

Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam bercerita (*ngadongeng*), menceritakan benda di lingkungan, menyampaikan permintaan, menegur (*nyaram*), memberi tanggapan, mengkritik atau memuji dengan alasan, menyebutkan dan menjelaskan, dan melakukan *paguneman*.

## II. KOMPETENSI DASAR

Menyampaikan permintaan.

## III. INDIKATOR

- Dapat menyatakan permintaan kepada teman dengan kalimat yang santun.
- Dapat menyatakan permintaan kepada orang tua dengan bahasa yang santun.

## IV. KEGIATAN PEMBELAJARAN

### a. Persiapan

- Guru tatahar bahan, saperti nyayagikeun atawa nyusun rupa-rupa kalimah pamenta boh pikeun ka sasama, boh ka saluhureun.
- Guru ngarapihkeun murid sangkan saregep pikeun narima pangajaran.

### b. Kegiatan Inti (pembelajaran)

- Guru mere conto nyarita ngagunekeun kalimah pamenta.
- Murid nyusun kalimah pamenta.
- Murid ngedalkeun pamentana babaturanana.
- Murid ngedalkeun pamentana ka saluhureun.
- Murid ngedalkeun pamentana ka guru.
- Murid ngedalkeun pamentana ka bapana.
- Murid ngedalkeun pamentana ka indungna.

### c. Kegiatan Panutup

- Murid nyebutkeun kalimah pamenta dina basa lemes keur babaturan, saluhureun, guru, bapana, jeung indungna.

## V. DESAIN PEMBELAJARAN

### a. Pendekatan Pembelajaran

- Pendekatan kompetensi komunikatif
- Pendekatan kontékstual

### b. Metode Pembelajaran

- Métode langsung

### c. Téhnik Pembelajaran

- Latihan, tugas

## VI. MEDIA PEMBELAJARAN (Alat jeung Sumber Belajar)

- Téks bewara (hasil nyusun guru, nyutat tina Koran atawa majalah)
- Kaset rekaman ngeunaan bewara.

Conto materi:

## HAYANG KOMPUTER

Yulius, sobat Oga tea, can kungsi lila dipangmeulikeun komputer ku bapana. Lengkep jeung printerna. Printer teh paranti nyitak tulisan, tina komputer kana keretas.

Puguh bae Oga **kabitaean**. Unggal ulin ti imah Yulius, balikna pasti ngalamun. **Tampolana** kabawa ngimpi. Dina impianana, Oga dipangmeulikeun komputer ku apana. Sarua jeung Yulius. Lengkep jeung printerna. Ngan hanjakalna ukur dina impian.

Ku sabab kacida hayangna, Oga **ngagerentes**, rek nyarita ka indungna.

Balik ti sakola, sanggeus dahar, Oga nyampeurkeun indungna di dapur. Datangna ngahaja bari **memekel** buku pangajaran. Ambeh naon cing, memekel buku pangajaran?

“Mah, Yulius mah dipanggaleuhkeun komputer ku bapana. Lengkep sareng printerna,” cenah.

“Oga hoyong nyah?” tembal indungna.

“Atuh kantenan,” Oga atoh.

“Cobian wae atuh nyuhunkeun ka Apa.”

“Dupi Apa nuju kagungan artos kitu?”

“Insya Allah, sigana ari **sakalieun** kanggo meser komputer mah aya.”

Peutingna, Oga ngahaja nyampeurkeun apana di rohangan tengah. Samemehna tara-tara ti **sasari**, mantuan heula indungna kukumbah. Malah milu meresihan meja urut dalahar sagala. Enya, lah, ambeh dipikarunya.

“Awis geuning nya, Pa, ari komputer teh,” cenah.

“Aya nu awis, aya nu rada mirah,” waler apana, bari imut. “Ari kitu Oga hoyong komputer?”

“Upami diwidian ku Apa, Oga ohe hoyong komputer, Apa kagungan artos kitu?” cek Oga.

“Asal ulah palay nu **wenteuh** bae, margi da awis. Nu penting tiasa dianggo sareng sae keneh.”

“Oga bade dipanggaleuhkeun komputer?” siga nu **cangcaya**.

Apana ungeuk.

“Leres Pa?”

Apana ungeik deui.

**Balas** atoh, Oga langsung ngagabrug.

Dina wacana di luhur teu katiten kalawan jelas kalimah pamenta, sabab diwangun mangrupa carita. Guru oge bisa nyusun bahan pelajaran ngeunaan kalimah pamenta dina pola anu beda. Upamana

Udi nyarita ka bapana: “Pa, upami Udi sapatu enggal kening?”

Umi nyarita ka babaturanana: “Tiasa abdi nambut panghapus?”

Usro nyarita ka adina: “De, nyuhunkeun akang sapotong?”

Usman nyarita ka guruna: “Bapa, kening abdi ngiring ulangan susulan?”

## VII. EVALUASI

- Sapanjang kagiatan diajar (unggal murid diparentah ngebrehkeun kalimah pamenta)
- Tes formatif ngeunaan kalimah pamenta.

Soal:

1. Ka saha heula Oga nyarita, hayang komputer teh?
2. Kumaha pok-pokanana Oga nyarita ka apana?
3. Cik pek hidep nyarita, eusina menta kaleci ka babaturan!

# MODEL PEMBELAJARAN MACA DUMASAR KANA KOMPETENSI

Prof. Dr. Iskandarwassid, M.Pd.

## 1. Bubuka

Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda tujulna kana hakekat pangajaran basa, yen diajar basa téh nya éta diajar komunikasi, ari diajar sastra nya éta diajar ngajénan manusa katut ajén-inajén kamanusaan. Ku kituna, pangajaran basa Sunda ditujulkeun kana undakna kamampuh komunikasi murid dina basa Sunda, boh lisan boh tulis, sarta ngajénan kana hasil rékacipta manusa Sunda. Ieu standar kompetensi téh ditujukeun sangkan murid siap nampa (ngaakses) rupining wawaran ngeunaan kakayaan budaya masarakat Sunda.

Kamampuh anu bisa dipilampah ku murid téh anu raket patalina jeung pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep basa disebutna *kompeténsi*. Ari kompetensi anu kudu dipimilik ku murid dina hiji mata pelajaran disebutna *standar kompetensi*. Standar kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda mangrupa acuan program pikeun mekarkeun pangaweruh basa jeung sastra Sunda, kamampuh maké basa jeung sastra Sunda, sarta sikep positif kana basa jeung sastra Sunda.

Aspék kamampuh basa nyoko kana ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Aspék kamampuh sastra nyoko kana kagiatan apresiasi jeung éksprési sastra. Apresiasi sastra dipilampah ku cara ngaregepkeun jeung maca, ari ekspresi sastra dipilampah ku cara nyarita jeung nulis. Maca jeung ngaregepkeun mangrupa dua kamaheran basa anu sipatna reseptif. Kamaheran reseptif maca lumangsung dina basa tinulis, nya eta lumangsung ku cara maca wacana, sedengkeun kamaheran reseptif ngaregepkeun lumangsung dina basa lisan. Informasi reseptif anu katarima ku cara maca jeung ngaregepkeun teh ajenna gumantung kana intensitas kenteuna proses ngaregepkeun jeung proses maca. Ku kituna proses maca jeung jeung ngaregepkeun identik jeung proses mikir enggoning ngolah informasi. Nya ngajanggelek jadi pangaweruh jeung pamahaman. Nyarita jeung nulis mangrupa dua kamaheran basa anu sipatna produktif. Kamaheran produktif dina nyarita lumangsung dina basa lisan, sedengkeun kamaheran produktif dina kamaheran nulis lumangsung dina basa tulisan. Boh kamampuh nulis boh kamampuh nyarita pada-pada aya patalina jeung mikir. Mikir dina nyarita jeung dina nulis dikedalkeun mangrupa aktivitas laku basa kayaning usul, nepikeun gagasan, pangalaman, kahayang, jeung sajabana.

Ambahan bahan ulikan Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda ngawengku aspék kamampuh basa jeung sastra. Aspék kamampuh basa nyoko kana ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Aspék kamampuh sastra nyoko kana kagiatan apresiasi jeung éksprési sastra. Apresiasi sastra dipilampah ku cara ngaregepkeun jeung maca, ari ekspresi sastra dipilampah ku cara nyarita jeung nulis.

## 2. Kompetensi, Indikator, jeung Materi Lulugu Maca

Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda eusina mangrupa beungkeutan kompetensi nu kudu dipimilik jeung dihontal ku murid dina unggal tahapan. Ieu raraga téh diwangun ku opat unsur utama, nya éta (1) standar kompetensi, (2) kompetensi dasar, (3) indikator, jeung (4) matéri lulugu (pokok).

Contona bisa dititénan dina tabel ieu di handap.

## Kelas I SD

### 3. Membaca (*Maca*)

Standar Kompetensi:

Mampu membaca, memahami, dan menanggapi berbagai bentuk dan jenis wacana tulis (teks) berupa kata-kata lepas, kalimat lepas, serta wacana pendek.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
1.3.1 Membaca kata-kata lepas yang mengandung kata asal dwisuku ( <i>dua engang</i> ).	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat membiasakan diri dan bersikap benar dalam membaca.</li> <li>Dapat melafalkan kata-kata asal dwisuku yang bervokal é, e, dan eu dan berkonsonan sama.</li> <li>Dapat melafalkan kata-kata asal dwisuku yang bervokal sama, tetapi berbeda konsonan.</li> <li>Dapat melafalkan kata-kata asal dua engang.</li> <li>Dapat melafalkan kata-kata asal yang berfonem dengan huruf rangkap <i>ng</i> dan <i>ny</i>.</li> </ul>	Kata-kata lepas
1.3.2 Membaca kalimat lepas dua kata.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat membaca kalimat-kalimat lepas dua kata dengan lafal dan intonasi (<i>lentong</i>) yang baik.</li> <li>Dapat menyebutkan arti setiap kalimat.</li> </ul>	Kalimat sederhana
1.3.3 Membaca kalimat-kalimat lepas tiga kata.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat membaca kalimat lepas tiga kata dengan lafal dan intonasi yang baik.</li> <li>Dapat membaca wacana-wacana tiga kalimat dengan lafal dan intonasi yang benar.</li> <li>Dapat membaca dengan memperhatikan jeda (<i>randegan</i>) pendek dan panjang.</li> <li>Dapat menyebutkan arti setiap kalimat.</li> </ul>	Kalimat sederhana
1.3.4 Membaca wacana (teks) pendek tiga kalimat.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat membaca wacana-wacana tiga kalimat dengan lafal dan intonasi (<i>lentong</i>) yang benar.</li> <li>Dapat membaca dengan memperhatikan jeda (<i>randegan</i>) pendek dan panjang.</li> <li>Dapat menyebutkan isi wacana.</li> </ul>	Wacana pendek

## Kelas IV

### 3. Membaca (*Maca*)

Standar Kompetensi:

Mampu membaca, memahami, dan menanggapi berbagai bentuk dan jenis wacana tulis (teks) dengan membaca dalam hati, membaca apresiasi, membaca percakapan, melantunkan puisi, dan membaca cepat.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
4.3.1 Membaca apresiasi.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat menyebutkan tokoh-tokoh cerita.</li> <li>Dapat menyimpulkan gagasan pokok dari cerita.</li> <li>Dapat menyimpulkan hubungan analogis dari cerita.</li> <li>Dapat menceritakan kembali isi cerita.</li> </ul>	Dongeng fabel
4.3.2 Membaca teks percakapan.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat membaca teks percakapan dengan lafal dan intonasi yang tepat.</li> <li>Dapat mengucapkan percakapan seorang tokoh dalam bacaan.</li> </ul>	Wacana percakapan
4.3.3 Melantunkan pupuh.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat menyebutkan isi puisi pupuh dengan baik.</li> <li>Dapat menirukan yang dicontohkan guru dalam <i>nembangkeun pupuh</i>.</li> <li>Dapat melantunkan puisi pupuh dengan irama yang tepat.</li> </ul>	Pupuh
4.3.4 Membaca cepat.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat membaca cepat dengan rata-rata 150 kata/menit.</li> <li>Dapat menafsirkan makna kosakata dalam bacaan.</li> <li>Dapat menyebutkan isi bacaan dengan baik.</li> <li>Dapat membaca cepat dengan efektif.</li> </ul>	Wacana 150-300

## MODEL PEMBELAJARAN NULIS DUMASAR KANA KOMPETENSI

**Dra. Nunuy Nurjanah, M.Pd**

Istilah kompetensi geus jadi bahan catur kaum praktisi pendidikan. Nepi ka ayeuna eta istilah teh aya dua versi; versi pusat kurikulum (puskur) jeung versi pendidikan menengah umum (dikmenum). Uji cobana oge museur kana dua versi eta. Kiwari aya 40 SMU anu ngalaksanakeun uji coba anu dibingbing ku dikmenum. Tapi di sagigireun eta, di tujuh provinsi dicokot hiji atawa dua sakola pikeun dijadikeun tempat uji coba ku puskur.

Sanajan Bambang Irianto (IDR:2002) nyebutkeun yen pikeun ngalarapkeun kurikulum 2004 (kurikulum anu dumasar kana kompetensi) can sagemblengna bisa dilaksanakeun sabab pamarentah kudu nungguan hasil uji coba pelaksanaan KBK di sababaraha sakola, tapi ahirna mah urang kudu siap narima eta kurikulum anyar teh. Alesanana, sabab awal ahir larapna eta kurikulum teh pasti ditetepkeun sabada aya kaputusan hasil uji coba tea.

Nu jadi masalah pikeun urang nya eta naha geus sayaga urang ngalaksanakeun eta kurikulum? Pikeun ngajawabna urang titenan tulisan ieu.

Kurikulum 2004 mangrupa panyampurna tur pamekaran tina kurikulum samemehna. Tujuan utamana disusun kurikulum 2004 teh nya eta pikeun ningkatkeun kualitas atikan nasional. Puseur pembelajaranana dumasar kana kompetensi dasar, materi poko, jeung pencapaian hasil diajar (Hidayat, 2002).

Aya sawatara kecap penting anu patali jeung kurikulum 2004, nya eta (1) kurikulum *berdiversifikasi*, (2) kompetensi dasar, (3) materi poko, (4) indikator pencapaian hasil diajar, jeung (5) silabus.

### 1. Kurikulum *berdiversifikasi*

2. Kaayaan di unggal daerah teh beda-beda. Tina kituna pelaksanaan kurikulum nasional oge tinangtu beda-beda. Ku kituna diperlukeun kurikulum *berdiversifikasi*. Ieu tungtutan teh kacumponan ku ayana kurikulum 2004 anu disusun dumasar kana kompetensi. Ku ayana kurikulum 2004 dipiharep siswa di saantero nusantara sanajan beda-beda tapi miboga kamampuh anu relatip standar dina ngawasa materi lulugu (Rusyana:2002).

### 2. Kompetensi dasar

Kompetensi dasar nya eta kamampuh anu dipiharep --mangrupa pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep nu tumali jeung materi lulugu. Eta kamampuh teh dimekarkeun ku cara latihan jeung pangalaman siswa. Dina kamekaranana tangtu aya diversifikasi (perbedaan) ku sabab kaayaan unggal daerah anu beda-beda.

### 3. Materi lulugu

Materi lulugu nya eta substansi dumasar kana struktur ilmu hiji mata pelajaran anu kudu dipimilik ku siswa sarta dimekarkeun dina diri siswa.

#### 4. Indikator pencapaian hasil diajar

Indikator pencapaian hasil diajar nya eta wincikan kompetensi anu spesifik nu perlu dikawasa ku siswa –sarta mangrupa ukuran pikeun ngukur pencapaian hasil diajar.

#### 5. Silabus

Silabus nya eta wujud operasionalisasi kompetensi dasar, pedaran materi lulugu, kagiatan diajar, jeung pencapaian sarta alokasi waktu.

Im Wasliman, Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat dina seminar nu diayakeun ku Pusat Penataran dan Pengembangan Guru (PPP) IPA nandeskeun guru anu dipiharep dina jaman kiwari nya eta guru anu mampuh ngarobah paradigma ngajar jadi diajar jeung anu mampuh ngarobah paradigma pembelajaran tina *tatap muka* kana *learning for kinds*. Maksud ungkara kahiji nya eta nalika guru aya di kelas hakekatna mah keur diajar neangan metode anu pangefektifna jeung sangkan bisa ningkatkeun wawasanana tina pertanyaan-pertanyaan anu disodorkeun ku siswana. Maksud kadua nya eta ngabimbing siswa supaya bisa ngamangfaatkeun sawatara sumber diajar nu aya di lingkunganana.

Endang Susilowati (2002) oge nandeskeun yen sistem diajar dina KBK miharep sangkan guru leuwih nitenan sagala potensi siswa dina aktivitas diajarna di kelas.

Satuluyna, Baskoro Poedjinoegroho ngebrehkeun yen KBK teh hebat sabab hayang leuwih museur kana mekarna sakumna kompetensi siswa. Siswa kudu dibantuan sangkan potensina dimekarkeun sacara optimal. Cindekna, orientasina leuwih museur ka siswa ti batan ka guru. Guru ngabimbing siswa supaya pangaweruh siswa henteu ngan saukur teoretis. Pangaweruh siswa kudu mangfaat tur mekar, sabab henteu misah tina masalah anu disanghareupan sapopoena. Tina kituna, orientasi diajarna ngageser tina *teacher-oriented* kana *student-oriented*.

Kurikulum 2004 nungtut hal-hal anu anyar. Ku sabab kitu, unggal guru kudu mraktekkeun hal-hal nu anyar dina kagiatan diajar ngajar (KBM)-na. Hal ieu ngandung harti yen guru anu dipiharep pikeun *membarui diri*-na. Dina kurikulum anyar ieu guru ditungtut kreatif sarta kudu bisa ngajak siswa bereksplorasi. Guru kudu bisa nungtun siswa anu aktif pikeun nyoba ngalarapkeun pangaweruhna. Guru lain hiji pribadi anu singsarwa ngaho, sahingga pancenna ngan mere nyaho sarta kudu didengekeun ku siswana. Guru nya eta rekan siswa dina mekarkeun kompetensina. Tina ieu pedaran, aya dua hal anu kudu diperhatikeun ku guru nyaeta (1) semangat anyar jeung (2) cara ngajar.

Di handap baris disodorkeun salah sahiji model pembelajaran nulis anu disusun dumasar kompetensi.

**ASPEK NULIS DI SD**  
**Kelas I/Semester I**

**a. MATERI POKOK**

Kompetensi Dasar	Materi Poko	Hasil Belajar	Indikator Pencapaian Hasil Belajar
Menulis/menyalin huruf lepas.	Huruf lepas	Murid bisa 1. Menyalin aksara 2. Menuliskan wangun kecap	Murid bisa 1. Menyalin aksara - Vokal - Konsonan
Menulis/menyalin kalimat sederhana.	Kalimat sederhana.	3. Menyalin kalimat basajan	2. Menuliskan kecap anu dipiwanoah ku siswa anu aya patalina jeung : - Warna - Ngaran babagian awak - Ngaran sasatoan, tutuwuhan, bubuahan, jeung barang-barang di sabudeureunana. 3. Menyalin kalimat basajan anu aya patalina jeung : - Warna - Ngaran babagian awak - ngaran sasatoan, tutuwuhan, bubuahan, jeung ngaran barang-barang anu aya di sabudeureunana.

## **b. URAIAN**

### **MODEL PEMBELAJARAN NULIS DI SD**

#### **KELAS I/SEMESTER I**

Mata Pelajaran:	Basa Daerah/Sunda
Satuan Pendidikan:	Sakola Dasar
Kelas/Semester:	I/I
Alokasi waktu:	2 jam pelajaran

Materi Pokok	: Huruf lepas, kecap , jeung kalimah
Kompetensi Dasar	: Nulis/menyalin huruf lepas, kalimat sederhana.
Indikator Pencapaian Hasil Belajar	: Murid bisa <ol style="list-style-type: none"><li>1) Nyalin aksara</li><li>2) Nuliskeun kecap anu dipikawanoh ku siswa anu aya patalina jeung :<ul style="list-style-type: none"><li>- Warna</li><li>- Ngaran babagian awak</li><li>- Ngaran sasatoan, tutuwuhan, bubuahan, jeung barang-barang di sabudeureunana.</li></ul></li><li>3) Nyalin kalimah basajan anu aya patalina jeung :<ul style="list-style-type: none"><li>- Warna</li><li>- Ngaran babagian awak</li><li>- Ngaran sasatoan, tutuwuhan, bubuahan, jeung barang-barang di sabudeureunana.</li></ul></li></ol>

### **LENGKAH PEMBELAJARAN**

#### **Apersepsi (5-10%)**

- Guru nuduhkeun rupa-rupa barang anu aya di jero kelas.
- Guru nungtun siswa nataan warna rupa-rupa barang anu aya di jero kelas.



### **Eksplorasi (25-30%)**

- Murid diwanohkeun kana rupa-rupa warna (beureum, kayas, hejo, koneng, biru, bodas, hideung).
- Murid diingetan deui kana ngaran babagian awak (sirah, beuheung, taktak, dada, angen, beuteung, bujal, suku, leungeun, jeung saterusna).
- Murid dititah nataan ngaran sasatoan anu dipiwanoh ku manehna.
- Murid dititah nyebutan ngaran tutuwuhan anu dipiwanoh ku manehna.

### **Konsolidasi Pembelajaran (35-40%)**


- Guru nuliskeun aksara /a/ dina papan tulis.
- Murid dititah nyalin aksara /a/ dina bukuna.
- Guru nitah murid neangan ngaran bubuahan anu dimimitian ku aksara /a/.  
Umpamana,
  - apel
  - anggur
  - arben
- Guru nuliskeun ngaran bubuahan anu disebutan ku murid dina bor make huruf cetak.  
Upamana,
  - apel
  - anggur
  - arben
- Murid nyebutan warna bubuahan.  
  
Umpamana, apel beureum  
                  apel hejo  
                  anggur beureum  
                  anggur hejo  
                  anggur ungu  
                  arben beureum
- Murid dititah ngagambar apel dina bor terus sina diwarnaan ku kapur warna.
- Guru ngalabelan gambar anu diwarnaan ku murid. Umpamana,  
                  *Apel beureum.*  *Apel hejo.*
- Murid diwanohkeun kana aksara gede /A/.
- Guru nuliskeun kalimah basajan anu dimimitian ku aksara /A/. Umpamana, *Apelna beureum.*
- Guru ngawanohkeun tanda titik (.) dina kalimah basajan.

- Murid sina nyalin kalimah “Apelna beureum.” make huruf cetak dina bukuna.  
Upamana, Apelna beureum.
- Guru ngawanohkeun tulisan nyambung.  
Upamana, Apelna beureum.
- Murid nyalin kalimah anu ditulis ku guru kana bukuna make tulisan nyambung.  
Upamana, Apelna beureum.
- Guru ngawanohkeun aksara konsonan /b/.
- Murid dititah nyalin aksara /b/ dina bukuna.
- Murid dititah neangan ngaran babagian awak anu dimimitian ku aksara /b/.  
Upamana,
  - beuheung
  - bujal
  - beuteung
  - bujur
- Guru nyalin kecap anu dimimitian ku aksara /b/.  
Upamana, bujal.
- Guru nanya, “Saha nu gaduh bujal ?”
- Murid mungkin ngajawab , “Abdi.”
- Guru nuliskeun kalimah jawaban murid kalawan lengkep.  
Upamana, Bujal abdi.
- Murid dititah nyalin kalimah “Bujal abdi.” make huruf cetak.
- Guru nyontoan nulis kalimah “Bujal abdi.” make tulisan nyambung.
- Murid nyalin kalimah, “Bujal abdi.” make tulisan nyambung dina bukuna.
- Guru ngawanohkeun aksara /c/.
- Murid sina ngucapkeun konsonan /c/.
- Murid dititah neangan wangun kecap anu dimimitian ku aksara /c/.  
Upamana, Curuk.
- Guru bisa nungtun murid ngawihkeun Lagu Magatru saperti ieu di handap bari dipetakeun,

Nun sumuhun nu ieu namina curuk  
 Nu ieu nami jariji  
 Nu tengah nami jajangkung  
 Nu alit namina cinggir  
 Indung leungeun anu pondok.

- Murid dititah neangan deui ngaran ramo tina eta lagu anu dimimitian ku /c/ (lian ti curuk). Upamana, Siswa manggihan kecap “cinggir”.
- Murid sina nuduhkeun cinggirna ku sorangan.
- Murid sina neplak ramo-ramona dina bukuna terus dingaranan atawa sina dituduhkeun masing-masing ngaranna.

▪



- Guru neplakkeun ramona dina bor.



*Ieu Curuk  
abdi*

- Guru nuliskeun kalimah basajan dina gambar ramona. Upamana, saperti dina gambar.
- Murid dititah nyalin kalimah “Ieu curuk.” atawa Ieu curuk.” (Make tulisan cetak jeung make tulisan nyambung).

**Latihan Ngawangun Sikap jeung Prilaku (10%)**


- Murid sina dibiasakeun ngagunakeun aksara gede dina ngamimitian nulis kalimah.
- Murid dibiasakeun ngagunakeun tanda titik (.) dina ahir kalimah wawaran.
- Murid mariksa cara nuliskeun aksara gede di awal kalimah jeung cara ngagunakeun tanda titik (.) di ahir kalimah wawaran.
- Murid silih pariksa tulisanana dina ngagunakeun aksara gede di awal kalimah jeung cara ngagunakeun tanda (.) di ahir kalimah wawaran.

**Evaluasi Formatif (10%)**

- Latihan nyalin aksara.
- Latihan nyalin wangun kecap.
- Latihan nyalin kalimah basajan.
- Latihan ngagunakeun aksara gede dina awal kalimah.
- Latihan ngagunakeun tanda titik (.) di ahir kalimah.

**SARANA JEUNG SUMBER DIAJAR****Sarana Diajar**

- Alat Peraga :
  - warna  
(bisa langsung tina barang-barang anu ngandung warna).
  - gambar babagian awak  
(atawa langsung tina awak sorangan )
  - lingkungan sabudeureun murid  
(ngaran barang-barang anu aya di jero atawa di luar kelas)



- Sumber Belajar : - lingkungan

### c. PENILAIAN

Tes Tinulis

**Salin !**

b  
 b a p a  
 g  
 g u r u  
 B a p a g u r u.  
 B a p a g u r u.

c

c a u  
a  
a m i s  
C a u a m i s.  
C a u a m i s.

### 1. Kinerja Performansi

Tulisan murid dipiharep bisa dibaca.

b  
b a p a  
g  
g u r u  
B a p a g u r u.  
B a p a g u r u.

c  
cau  
a  
amis  
C a u a m i s  
C a u a m i s

### 2. Produk

Tulisan murid anu mangrupa aksara, kecap, jeung kalimah basajan.

### 3. Tugas

Murid dibere tugas ngumpulkeun kecap anu dimimitian ku aksara vokal /e/.

Satuluyna, murid dibere tugas nyieun kalimah basajan kalawan ngagunakeun kecap anu dimimitian ku vokal /e/. Kalimahna kudu ngagunakeun aksara gede di awal kalimah jeung ngagunakeun tanda titik di akhir kalimah.

### 4. Portofolio

Guru ngumpulkeun hasil evaluasi murid dumasar portofolio, nya eta nyatet jeung nganalisis kamajuan kamampuh kompetensi murid dina diajar.

## **Rujukan**

- Arifin, Mulyati. 2002. "Strategi Meningkatkan kecerdasan Intelektual dan Kecerdasan Emosional dalam Pembelajaran IPA di SD". Hasil Penelitian yang Dibiayai oleh SPK Ditjen Dikti Tahun Anggaran 2001/2002.
- Hidayat, Kosadi. 2002. "Orientasi Aplikatif Kurikulum Bahasa Indonesia berbasis Kompetensi". Makalah Seminar Nasional di UPI, Rabu 24 April 2002.
- IDR. 2002. "Penerapan KBK Menunggu Evaluasi". *Kompas*, Sabtu 21 September 2002.
- Poedjonoegroho, Baskoro. 2002. "Kurikulum Berbasis Kompetensi" itu Berbasis "Cura Personal". *Kompas*, Selasa, 12 Februari 2002.
- Rusyana, Yus. 2002. "Kurikulum Bahasa dan Sastra Indonesia dalam Gamitan Kurikulum Berbasis Kompetensi". Makalah Seminar Nasional di UPI, Rabu 24 April 2002.
- Sulistiyowati, Endang. 2002. "Peran Komite Sekolah dalam Pelaksanaan KBK". *Kompas*, Sabtu, 30 November 2002.

# MODÉL PEMBELAJARAN APRÉSIASI SASTRA SUNDA DUMASAR KANA KOMPETÉNSI

**Drs. Dédi Koswara, M.Hum.**

## **1. Bubuka**

Modél pembelajaran sastra Sunda berbasis kompetensi saéstuna mangrupa wujud tina métode jeung prosedur diajar pembelajaran anu geus ditetepkeun. Kitu deui, gelarna hiji prosedur ogé gumantung kana métode anu digunakeun dina proses diajar-ngajar. Mun kitu, “métode” téh jadi mataholang anu jadi titik panginditan paradigma mikir dina enggoning nyieun hiji modél pembelajaran.

Kumaha ari “modél pembelajaran sastra Sunda?” Dina *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa Daérah (Sunda) untuk SD dan SMP (2003)* ditétélakeun ngeunaan “Prosédur Pembelajaran Bahasa Sunda” anu ngamekarkeun “Modél Pembelajaran Bermakna”. Dina “Modél Pembelajaran Bermakna” dipopoyankeun lima rupa léngkah kagiatan saperti kieu

### 1. *Pemanasan-Apersepsi*, eusina mangrupa kagiatan

- (a) neuleuman pangaweruh siswa (pratés),
- (b) méré motivasi ka siswa ku bahan ajar anu ngirut tur aya mangpaatna, jeung
- (c) ngarojong siswa supaya katajieun pikeun miwanoh hal-hal anu anyar.

### 2. *Eksplorasi*, eusina mangrupa kagiatan

- (a) ngawanohkeun bahan atawa kaparigelan anyar, jeung
- (b) ngaitkeun bahan anyar téa jeung pangaweruh nu geus nyampak di siswa.

### 3. *Konsolidasi*, eusina mangrupa kagiatan

- (a) ngaaktifkeun siswa dina maham bahan anyar jeung cara ngungkulan masalah, jeung
- (b) ngaitkeun bahan ajar nu anyar jeung aspék kagiatan dina kahirupan.

### 4. *Pembentukan sikap dan perilaku siswa*, eusina mangrupa kagiatan

- (a) ngalarapkeun konsép anu diulik ku siswa dina kahirupanana, jeung
- (b) ngawangun sikep jeung perilaku siswa dumasar kana konsép anu diulikna.


### 5. *Penilaian formatif*, eusina mangrupa kagiatan

- (a) meunteun hasil pembelajaran siswa, jeung
- (b) meunangkeun informasi pikeun niténan kahéngkéran jeung masalah siswa.



Léngkah kagiatan dina nyusun modél pembelajaran bermakna bisa dititénan dina bagan ieu di handap.

**MODÉL PEMBELAJARAN BERMAKNA**



Saéstuna mah lima rupa léngkah dina modél pembelajaran bermakna téh bisa dibagi jadi tilu tahapan kagiatan, nya éta (1) kagiatan awal, (2) kagiatan inti, jeung (3) kagiatan ahir. Éta tilu tahapan kagiatan pembelajaran téh wincikanana saperti ieu di handap.

1. *Kagiatan Awal* (Bubuka)

Kagiatan awal atawa bubuka lolobana dilaksanakeun ku guru. Eusina mangrupa pemanasan-apersépsi anu ngawengku (1) ngabsén, (2) apersépsi, (3) pratés, jeung (4) méré motivasi ka siswa pikeun diajar.

2. *Kagiatan Inti*

Kagiatan inti eusina mangrupa gambaran nyata tina prosés pembelajaran sabagé réalisasi tina metodologi (pamarekan, métode, jeung téknik) pembelajaran. Ieu tahapan téh ngawengku litu komponén, nya éta (1) éksplorasi, (2) konsolidasi pembelajaran, jeung (3) ngawangun sikep jeung perilaku siswa.

3. *Kagiatan Ahir* (Panutup)

Kagiatan ahir téh mangrupa kagiatan pamungkas dina prosés pembelajaran anu nétélakeun hiji upaya ngawangun sikep jeung perilaku siswa katut *penilaianana*. Ieu kagitana ahir téh ngawengku komponén-komponén (1) nandeskeun bahan pembelajaran, (2) ngayakeun penilaian formatif (postés), (3) ngajelaskeun lajuning laku kagiatan kaasup méré pancén, jeung (4) nutup pembelajaran.

Kawasna baé, modél pembelajaran sastra ogé bisa nyonto kana éta modél. Najan kitu, urang kudu wanoh heula kana lingkup konsép bahan pembelajaran sastra, terus netepkeun “métode” pangajaran nu rék digunakeun dina éta pembelajaran.

Lingkup konsép bahan pembelajaran sastra anu perlu ditepikeun ka siswa di SD téh ngawengku (1) puisi, (2) prosa, (3) drama.

Bahan pangajaran puisi ngawengku (a) jangjawokan/mantra, (b) sisindiran, (c) kakawihan, (d) pupujian, (e) wawacan, (f) guguritan, (g) pupuh (balakbak, pucung, maskumambang, ladrang, lambang, magatru, gambuh, jurudemung, kinanti, mijil, wirangrong, gurisa, asmarandana, duma, pangkur, sinom, dangdanggula), jeung (h) sajak.

Bahan pangajaran prosa ngawengku (a) carita pantun, (b) dongéng, (c) carita pondok, (d) novel. Sedengkeun bahan pangajaran drama ngawengku (a) drama, jeung (b) gending karesmén.

Lingkup konsép pembelajaran sastra téh ditandeskeun deui dina bahan ajar pemahaman basa jeung sastra Sunda anu mangrupa aspék konsép (pengetahuan) sastra saperti kieu.

1. Puisi

a. Unsur puisi

b. Jenis puisi (jangjawokan, sisindiran, kakawihan, pupujian, guguritan, wawacan)

2. Prosa

a. Unsur prosa

b. Jenis prosa (carita pantun, carita wayang, dongéng, carita pondok, novel)

3. Drama

a. Unsur drama


b. Jenis drama

.  
. .  
.

## 2. Pendekatan, Método, jeung Teknik Pembelajaran

### *Pamarekan (Pendekatan)*

Dina pembelajaran sastra bisa digunakeun opat rupa pendekatan pamarekan sastra saperti anu dibahas ku Abrams (1953: 6, Sardjono, 2003: 45, Teeuw, 1988: 50) saperti ieu di handap.



1. Pamarekan anu nandeskeun tilikanana museur kana karya sastra sacara otonom disebut pamarekan *objéktif*.
2. Pamarekan sastra anu nandeskeun tilikanana museur ka panulis, disebutna pamarekan *éksprésip*.
3. Pamarekan anu nandeskeun tilikanana museur kana alam semesta disebut pamarekan *mimétik*.
4. Pamarekan anu nandeskeun tilikanana museur ka nu maca disebut pamarekan *pragmatik*.

### *Método*

Niténan bahan ajar sastra anu kudu diajarkeun ka siswa dina *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi (2003)*, bahan ajar sastra Sunda téh aya dina pembelajaran maca (*membaca*) jeung ngaregepkeun (*menyimak*).

### *Téknik*

Téknik nu bisa digunakeun pembelajaran sastra Sunda nya éta teknik ceramah, diskusi, tanya jawab, bermain peran (simulasi, sosiodrama), résitasi, jeung pemecahan masalah.

## 3. Kompetensi, Indikator, jeung Materi Lulugu

Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda eusina mangrupa beungkeutan kompetensi nu kudu dipimilik jeung dihontal ku murid dina unggal tahapan. Ieu raraga téh diwangun ku opat unsur utama, nya éta (1) standar kompetensi, (2) kompetensi dasar, (3) indikator, jeung (4) matéri lulugu (pokok).

## KELAS I

### 1. Menyimak (*Ngaregepkeun*)

Standar Kompetensi: Mampu menyimak, memahami, serta menanggapi berbagai jenis bunyi bahasa, dongeng, dan perintah sederhana.

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
1.1.2 Menyimak dongeng dibacakan guru.	<ul style="list-style-type: none"><li>• Dapat menyimak dengan sikap baik.</li><li>• Dapat menyebutkan pelaku (<i>palaku</i>) dalam dongeng.</li><li>• Dapat menanggapi karakter <i>palaku</i> dalam dongeng.</li></ul>	Dongeng <i>sasatoan</i>

## KELAS IV

### 1. Menyimak (*Ngaregepkeun*)

Standar Kompetensi: Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai jenis wacana lisan berupa *carita pondok*, *guguritan*, dan pengumuman (*bewara*).

Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
4.1.1 Menyimak <i>carita pondok</i> .	<ul style="list-style-type: none"><li>• Dapat mengajukan dan menjawab pertanyaan untuk memperjelas pemahaman.</li><li>• Dapat menceritakan hal-hal yang menarik dari cerita.</li><li>• Dapat menanggapi cerita teman dengan bertanya.</li><li>• Dapat menghubungkan pengalaman sendiri dengan memperhatikan penggunaan kalimat dan pilihan kata.</li></ul>	<i>carita pondok</i> .
4.1.2 Menyimak pembacaan puisi <i>guguritan</i> .	<ul style="list-style-type: none"><li>• Dapat menyimak dengan sikap yang baik.</li><li>• Dapat menceritakan isi <i>guguritan</i> dengan parafrase.</li><li>• Dapat menanggapi isi <i>guguritan</i>.</li><li>• Dapat menembangkan <i>guguritan</i>.</li></ul>	<i>Guguritan – pupuh</i> sederhana

Réalisasi pembelajaran sastra atra katingal dina “kagiatan inti” pembelajaran maca jeung ngaregepkeun. Dumasar kana tabel di luhur bisa dicindekkeun yén métode anu digunakeun dina nepikeun bahan ajar sastra (prosa jeung puisi) nya éta métode *struktural* jeung *semiotik*.

Métode struktural digunakeun pikeun ngarakrak atawa nganalisis unsur-unsur carita dina karya prosa jeung unsur-unsur (hakékat) puisi. Sedengkeun métode sémiotik digunakeun pikeun nyusud (nyungsi) *harti* jeung *makna* tanda-tanda nu kakandung dina karya sastra (prosa, puisi jeung drama).

#### 4. Model Pembelajaran Apresiasi Sastra

Aya hal nu kawilang perlu diéstokeun dina nangtukeun modél pembelajaran sastra téh nya éta métode nu rék digunakeun dina éta proses pembelajaran. Pikeun milih jeung nangtukeun métode anu rék dipaké gumantung kana bahan anu rék ditepikeun ka parasiswa.

Guru basa jeung sastra Sunda teu perlu bingung dina nyusun modél pembelajaran, basa jeung sastra Sunda lantaran geus aya hiji padoman nya éta buku *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa Daerah (Sunda) untuk Guru SD dan SMP*. Dina éta pedoman dipopoyankeun ngeunaan prosedur jeung métode (anu katitén tina kagiatan inti dina léngkah pembelajaran maca jeung ngaregepkeun). Satuluyna hal éta téh bisa nyiptakeun modél pembelajaran basa jeung sastra Sunda.

#### SILABUS PEMBELAJARAN APRESIASI SASTRA

Mata Pelajaran : Bahasa Daerah  
 Satuan Pendidikan : Sekolah Dasar  
 Kelas/Semester : IV/1  
 Alokasi Waktu : 2 Jam Pelajaran

Kompeténsi Dasar	Materi Pokok	Hasil Belajar	Indikator	Pembelajaran
<i>Menyimak carita pondok.</i>	<i>Carita pendek</i>	<i>Mampu menunjukkan tokoh-tokoh cerita, memaparkan alur, dan memahami amanat dalam cerita pendek.</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat mengajukan dan menjawab pertanyaan untuk memperjelas pemahaman.</li> <li>• Dapat menceritakan hal-hal yang menarik dari cerita.</li> <li>• Dapat menanggapi cerita teman dengan bertanya.</li> <li>• Dapat menghubungkan pengalaman sendiri dengan memperhatikan penggunaan kalimat dan pilihan kata.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Mendengarkan pembacaan cerita pendek yang dituturkan guru.</i></li> <li>• <i>Menunjukkan dan mendiskusikan tokoh-tokoh cerita pendek yang didengarkannya.</i></li> <li>• <i>Memaparkan alur cerita pendek yang didengarkannya.</i></li> <li>• <i>Menyebutkan dan mendiskusikan amanat yang terdapat pada cerita pendek yang didengarkannya.</i></li> </ul>

## RENCANA PEMBELAJARAN

*Mata Pelajaran* : Bahasa Daerah (Sunda)  
*Satuan Pendidikan* : Sekolah Dasar  
*Kelas/Semester* : IV/1  
*Alokasi Waktu* : 2 Jam Pelajaran (2x pertemuan)

*Kompetensi Dasar:* - Menyimak pembacaan cerita pendek.  
*Materi Pokok:* - Cerita pendek  
*Hasil Belajar:* - Mampu menunjukkan tokoh-tokoh cerita, memaparkan alur, dan memahami amanat pada cerita pendek.

*Indikator*

1. Dapat mengajukan dan menjawab pertanyaan untuk memperjelas pemahaman.
2. Dapat menceritakan hal-hal yang menarik dari cerita.
3. Dapat menanggapi cerita teman dengan bertanya.
4. Dapat menghubungkan pengalaman sendiri dengan memperhatikan penggunaan kalimat dan pilihan kata.

### LANGKAH PEMBELAJARAN

#### *Pemanasan-Apersepsi (5-10%)*

- Guru memperlihatkan cerita pendek hasil karya murid SD.
- Guru membagikan foto kopi cerpen hasil karya murid SD kepada murid-murid.
- Guru menceritakan ringkasan isi cerita pendek kepada murid-murid.

#### *Eksplorasi (25-30%)*

- Murid dikenalkan dengan hasil karya sastra Sunda jenis cerita pendek.
- Murid mengingat-ingat kembali hasil karya sastra Sunda yang sejenis bentuknya dengan cerita pendek yang pernah dibaca, didengar/diketahui sebelumnya.
- Guru menawarkan cara belajar yang diinginkan oleh murid.

### ***Konsolidasi Pembelajaran (35-40%)***

- *Murid mencari dan mencatat tokoh protagonis dan antagonis dari cerpen yang didengarkannya.*
- *Murid mencatat karakteristik tokoh-tokoh cerita dalam cerita pendek yang didengarkannya.*
- *Murid mencari dan mencatat unsur-unsur pembangun alur yang terdapat dalam cerpen yang didengarkannya.*
- *Murid mencatat dan memaparkan alur cerita dari cerpen yang didengarkannya.*
- *Guru menjelaskan seperlunya tentang pengertian tokoh protagonis dan antagonis, unsur-unsur pembangun alur, alur cerita, dan amanat cerita. Hal itu dilakukan apabila ada murid yang masih menemukan kesulitan dalam memahami isi cerita pendek yang didengarkannya.*

### ***Pembentukan Sikap dan Perilaku (10%)***

- *Murid membuat ringkasan dan alur cerita dari cerpen yang dibaca/didengarkannya.*
- *Murid membuat analisis secara cermat untuk menentukan tokoh protagonis dan antagonis dari cerpen yang dibaca/didengarkannya.*
- *Murid membuat deskripsi tentang unsur-unsur pembangun alur cerita (menentukan unsur konflik, pembayangan, dan suspense).*
- *Murid membuat catatan mengenai karakteristik (perwatakan) tokoh cerita, kemudian menyimpulkan tokoh cerita yang berwatak baik dan jahat.*
- *Murid merumuskan amanat cerita pendek dari cerpen yang dibaca/didengarkannya.*
- *Murid mendiskusikan unsur-unsur cerita pada cerpen kemudian saling mengoreksi rumusan pemikirannya masing-masing tentang unsur-unsur cerita yang dipahaminya.*

### ***Penilaian Formatif (10%)***

- *Berlatih mencari dan menentukan tokoh protagonis dan antagonis dalam cerita pendek.*
- *Berlatih menunjukkan karakteristik tokoh cerita dalam cerita pendek.*
- *Berlatih menemukan dan menyusun alur cerita yang dipahaminya dari cerita pendek.*
- *Berlatih menunjukkan unsur-unsur pembangun alur cerita yang terdapat dalam cerita pendek.*
- *Berlatih menganalisis dan merumuskan amanat yang dipahaminya dalam cerita pendek.*

### ***SARANA DAN SUMBER BELAJAR***

#### ***Sarana Pembelajaran***

- ***Alat Peraga:*** Hasil karya sastra jenis cerita pendek
- ***Sumber Belajar:*** Buku teks, majalah, Koran

## **PENILAIAN**

### **1. Tes Tertulis**

*Mengoreksi unsur-unsur cerita dalam sebuah cerita pendek, yaitu penokohan, alur, dan amanat cerita.*

*a. Sebutkeun tokoh protagonis jeung antagonis nu kapanggih ku hidep dina éta carita*

*pondok!*

*b. Tuduhkeun unsur-unsur pangwangun alur anu ngawengku (1) konplik, (2) pembayangan, jeung (3) suspense nu aya dina éta carpon!*

*c. Kumaha watek tokoh protagonis jeung antagonis dina éta carpon?*

*d. Kumaha galur carita dina éta carpon téh?*

*e. Cindekkeun, naon amanat anu kapaham ku hidep tina éta carpon!*

### **2. Kinerja Performansi**

*Performansi yang diharapkan dari kinerja murid adalah sebagai berikut.*

*(Jawaban yang benar dan tepat dari murid mengenai hal-hal yang ditanyakan dalam tes tertulis).*

### **3. Produk**

*Hasil pekerjaan murid berkaitan dengan pemahamannya tentang penokohan, alur, dan amanat dalam sebuah cerita pendek.*

### **4. Tugas**

*Murid diberi tugas mencari cerita pendek dalam majalah, buku kumpulan cerpen, dan koran. Selanjutnya, murid menganalisis tokoh-tokoh cerita, alur cerita, dan amanat cerita dari cerpen yang dibacanya.*

### **5. Portofolio**

*Guru mengadministrasi penilaian berdasarkan portofolio, yaitu mencatat dan menganalisis perkembangan kemampuan murid dalam belajar.*



# BAHAN AJAR KAWERUH BASA SUNDA

Yayat Sudaryat

## 1. Bubuka

Haeubna Kurikulum Berbasis Kompetensi (KBK) geus ti taun 2002 keneh, pangpangna kurikulum nu sipatna nasional keur rupa-rupa widang studi. Balukarna, kana kurikulum daerah oge, kaasup basa Sunda gede pangaruhna. Najan, ari dina basa Sunda mah anu ngaran KBK teh rada elat. Aya eta oge anu mokalan medalkeun buku *Pedoman Pengembangan KBK Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda* (Prawirasumantri Spk., 2003), tapi da kurikulumna mah karek disusun taun 2004. Malah ayeuna mah istilah KBK-na sorangan rada hancer. Da istilah anu muncul mah *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda*. Jadi, anu kudu ditetepkeun ku daerah teh, boh di tingkat propinsi boh di tingkat kabupaten/kota, nya eta standar kompetensi. Masalahna, standar kompetensi naon, mana, jeung kumaha, anu kudu dicangking ku murid-murid sakola di Jawa Barat? Naha kudu sarua standar kompetensi basa Sundana sa-Jawa Barat, atawa unggal kabupaten/kota kudu beda-beda? Kumaha deuih, ari bahan ajar kaweruh basa saperti kabeungharan kecap jeung tata basa masih aya keneh dina kurikulum standar kompetensi? Ieu tulisan teh nyoba-nyoba medar hal-hal anu bieu. Atuh bari sakalian ngingetan deui perkara kaweruh basa, lain rek mekelan, da puguh perkara ieu mah geus nyarampak di Ibu sareng Bapa Guru di sakola oge.

## 2. Kaweruh Basa

Kaweruh basa teh mangrupa tatapakan dina makena basa. Kaweruh ngawengku tata basa jeung kandaga kecap. Tatabasa atawa adegan basa mangrupa raraga kaedah basa, ari kandaga kecap atawa kabeungharan kecap mangrupa dagingna atawa substansina. Bener henteuna makena basa gumantung kana weruh henteuna kana tata basa. Ari maher henteuna make basa gumantung kana saeutik lobana ngawasa kandaga kecapna. Hartina, hiji jalma moal bisa maher jeung bener ngagunakeun hiji basa lamun henteu ngawasa (kompeten) kana kandaga kecap jeung tata basana. Ku kituna, najan kurikulumna mana wae jeung nu kumaha oge, perkara tata basa jeung kandaga kecap teh diperlukeun pisan. Ngan tangtuna oge, lebah ngajarkeunana ulah kaleuleuwihi, saperluna bae. Da anu dipentingkeun mah, barudak teh maher ngagunakeun basa, boh reseptif (maca, ngaregepkeun) boh produktif (nulis, nyarita).


Istilah *tata basa* miboga harti anu jembar jeung harti anu heureut. Dina harti anu jembar, tata basa téh sok disaruakeun jeung sistem basa atawa kaedah basa, nya éta aturan-aturan anu ngadumaniskeun sora jeung harti. Dina harti anu heureut, tata basa téh ngan ngawengku tata kecap jeung tata kalimah. Minangka sistem basa, tata basa miboga sababaraha subsistem kayaning tata sora, tata kecap, tata kalimah, jeung tata wacana. Éta subsistem basa téh patali jeung *tata harti* (*sémantik*). *Tata sora*, bisa ogé disebut *élmu sora* (*fonologi*), nya éta ulikan cara ngawangun sora basa (*fonétik*) jeung cara nata sora basa (*fonémik*). Ieu subsistem raket patalina jeung *tata aksara* (*grafémik, grafologi*), anu ngulik aksara katut éjahan. *Tata kecap* (*morfologi*) ngulik adegan kecap, ari *tata kalimah* (*sintaksis*) ngulik adegan kalimah.

Tata basa kaasup salasihiji hasil tina kodifikasi basa, anu eusina mangrupa raraga kaédah basa nu bakal didagingan ku *pakecapan*, *kandaga kecap*, atawa *léksikon*, anu diulik ku *léksikologi*. Pakecapan anu geus disusun kalawan alfabétis atawa nurutkeun runtuyan abjad Latén disebutna kamus, anu diulik ku tata kamus (*léksikografi*). Kandaga kecap, kabeungharan kecap, atawa leksikon mangrupa sakumna kecap anu aya dina hiji basa. Kandaga kecap teh gede gunana dina pangajaran sakumaha anu ditetelakeun ku Dale Spk. (1971:2-6) kieu.

- (1) Jumlah jeung ajén katut tahapan jeung jerona kandaga kecap hiji jalma mangrupa indeks pribadina anu panghadena pikeun kamekaran mentalna;
- (2) Kamekaran kandaga kecap mangrupa kamekaran konseptual sarta kaasup salasihiji tujuan dasar pendidikan di unggal sakola;
- (3) Sakumna atikan dina prinsipna mah mangrupa kagiatan mekarkeun kandaga kecap anu sakaligus mekarkeun konseptual murid;
- (4) Program nu sistematis pikeun mekarkeun kandaga kecap bakal dipangaruhan ku rupa-rupa hal, di antarana, umur, jenis kelamin, pangasilan, kamampuh bawaan, situasi sosial, jeung faktor geografis;
- (5) Ulikan kandaga kecap anu efektif kudu miang tina kecap-kecap anu gampang tur geus dipikanyaho kana kecap-kecap anu bangga tur can dipikanyaho.

Adegan basa dipatalikeun kana makéna basa, boh lisan (nyarita jeung ngaregepkeun) boh tulisan (nulis jeung maca), ku kaédah husus nu disebut *pragmatik*. Kaédah pragmatik dipaké geusan nangtukeun luyu henteuna adegan basa jeung makéna basa dina hiji kontéks situasi; nangtukeun bener jeung merenah henteuna komunikasi basa. Pragmatik ngalibetkeun unsur basa pangjembarna nu disebut wacana. Ku kituna, sistem basa ogé ngawengku *pragmatik* atawa *tata wacana*. Patalina subsistem basa jeung makéna basa, boh lisan (ngaregepkeun, nyarita) boh tulis (maca, nulis), bisa dibagankeun di handap ieu.

### Bagan Subsistem Basa



Istilah “kaweruh basa” masih bau-bau sinduk keneh jeung istilah “konsep basa” dina Kurikulum 1994. Jadi, ieu istilah teh lain murni garapan Kurikulum 2004. Masalah ieu dipidangkeun teh sangkan jadi bahan tinimbangan kumaha duduk perkarana dina Kurikulum 2004. Naha bahan kaweruh basa teh masih keneh aya, henteu aya, atawa aya ngan disamunikeun?

Dina Kurikulum 2004 ditetelakeun yen salasihiji fungsi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda teh nya eta “sarana *pembakuan* dan penyebarluasan pemakaian bahasa Sunda untuk berbagai keperluan”. Saluyu jeung eta fungsi, salasihiji tina genep tujuan pangajaran basa Sunda teh, nya eta “Murid memahami bahasa Sunda dari segi *bentuk*, *makna*, dan *fungsi*, serta mampu menggunakannya secara tepat dan kreatif sesuai dengan konteks, antara lain, tujuan, keperluan, dan keadaan.” Fungsi *pembakuan* atawa ngabakukeun raket pisan patalina jeung soal-soal kodifikasi kaedah basa atawa tata basa. Ari tujuan pangajaran sangkan murid maham basa Sunda tina jihat wangun, harti, jeung fungsi raket patalina jeung kaweruh basa, boh kaweruh tata basa boh kaweruh kandaga kecap.

Bahan ajar kaweruh basa diadumaniskeun, digumulungkeun, atawa diintegrasikeun kana bahan ajar kamaheran basa. Pangajaran basa Sunda miang tina tangtungan yén basa Sunda mangrupa pakakas komunikasi pikeun warga masarakatna. Komunikasi basa wujudiahna bisa mangrupa kagiatan basa lisan (ngaregepkeun-nyarita) bisa kagiatan basa tulis (maca-nulis). Ku kituna, pangajaran basa Sunda dipuseurkeun kana undakna kamaheran basa Sunda. Murid henteu ngan sakadar parigel atawa mahér maké basa Sunda, pinter nalar, tapi seukeut tur surti dina gaul, malah bisa ngajénan bébédan anu kasang tukangna budaya Sunda. Murid ogé henteu ngan ngarti tina wawaran anu kauni tur nembrak, tapi surti kana wawaran anu nyamuni tur kias.

Sangkan murid mampuh gaul atawa bisa komunikasi, pangajaran basa Sunda dipuseurkeun pikeun mekelan murid parigel maké basa lisan jeung basa tulis. Murid dilobaan latihan maké basa luyu jeung konteks ti batan kaweruh ngeunaan basa. Ku kituna, murid kudu dibéré lolongkrang anu saloba-lobana jeung salega-legana pikeun meunang pangalaman maké basa Sunda, ngaliwatan kagiatan réseptif (ngaregepkeun, maca) jeung kagiatan produktif (nyarita, nulis), kaasup dina pangajaran apresiasi jeung ekspresi sastra.

Ari cara ngabahas atawa medar bahan kaweruh basa, nya eta lamun dina kagiatan diajar kamaheran basa muncul pasualan nu patali jeung widang basa. Atuh guru teh kudu nengetan kalawan sinambung kasalahan-kasalahan makena basa murid, upamana wae, dina palebah:

- (1) ngucapkeun,
- (2) ngawangun kecap katut warnana,
- (3) milih kecap katut hartina,
- (4) ngalarapkeun istilah,
- (5) ngawangun gundukan kecap (frasa),
- (6) ngalarapkun adegan kalimah,
- (7) maham eusi jeung fungsi kalimah,
- (8) ngalarapkeun kecap pancen dina kalimah,
- (9) nuliskeun kalimah efektif,
- (10) mekarkeun paragraf, jeung
- (11) ngalarapkeun ejaman jeung tanda baca.

Ngeunaan bahan kaweruh basa (tata basa jeung kandaga kecap) kalawan wincik bakal ebreh dina tabel di handap ieu.

### BAHAN AJAR KAWERUH BASA

UDAGAN	AMBAHAN	WINCIKAN
Fonologi & Grafemik	Ucapan	Vokal, Konsonan, Intonasi, Engang
	Ejaan	- Nuliskeun (aksaran, kecap, unsur serepan) - Nuliskeun tanda baca
Morfologi	Wangun Kecap	Kecap asal
		Kecap rundayan/rarangken (hareup, tengah, tukang, barung, gabung)
		Kecap rajekan (dwipurwa, dwimadya, dwimurni, dwireka, trilingga, binarung rarangken)
		Kecap kantetan (rakitan anggung, rakitan dalit)
	Kecap wancahan	
Warna Kecap	Kecap lulugu (barang, pagawean, sipat, bilangan) Kecap pancen (pangantet, panyambung, panyeluk, panambah [panganteb, panahap, panganteur, panahap, aspek, modalitas, panangtu])	
Sintaksis	Wangun Kalimah	Kalimah salancar (basajan, jembar)
		Kalimah rangkepan (ngantet, sumeler, campuran)
	Fungsi Kalimah	Wawaran, Pananya, Panyeluk, Panyeluk (panitah, pamenta, pangajak, pangharepan, panyaram, pangwawadi, pangjurung, panggeuri)
	Warna Kalimah	Kalimah pagawean • aktif, pasif, refleksif, resiprokal • intransitif, monotransitif, bitransitif, semitransitif
		Kalimah lain pagawean (barang, sipat, bilangan, pangantet)
Wanda Kalimah	• Kalimah langsung, kalimah teu langsung • Kalimah Sampurna, kalimah teu sampurna	
Wacana	• Kalimah efektif (kontinuitas, koherensi, kohesi) • Mekarkeun paragraf (induktif, deduktif, analogi, jst.) • Wanda wacana (narasi, deskripsi, eksposisi, argumentasi) •	
	•	
Kandaga Kecap	Pilihan Kecap	• Kecap sampakan, Kecap serepan • Kecap umum (popiler), Kecap kajian (istilah)
	Harti Kecap	• Warna harti (denotatif, konotatif; leksikal, gramatikal) • Parobahan harti (ngalegaan, ngaheureutan, jst.) • Hubungan harti (sinonim, antonim, homonim, polisemi)
	Pakeman Basa	Babasan, paribasa, cacandran, candrasangkala, caturangga, uga
	Gaya Basa	• Ngupamakeun, lalandian, ngasor, sindir, rarahulan, jst. • Purwakanti

### 3. Kompetensi, Indikator, jeung Materi Pokok *Kaweruh Basa* di SD

Kompetensi di SD umumna nyoko kana opat kamaheran basa, henteu notog langsung kana kaweruh basa. Najan ari indikator jeung materi pokokna mah aya anu langsung torojogan kana *kaweruh basa*. Contona bae: di kelas I, dina *kompetensi ngaregepkeun* aya materi lulugu nu mangrupa kaweruh basa, nya eta (1) kecap nu miboga fonem é, e, eu; (2) istilah (sasatoan, barang, tutuwuhan); (3) kalimah parentah. Materi lulugu nu mangrupa kaweruh basa sejenna ebreh dina tabel di handap ieu.

Kelas	Kamaheran Basa	Kompetensi Dasar	Materi Pokok
I	Ngaregepkeun	Ngaregepkeun jeung ngabedakeun sora basa	Kecap nu miboga fonem é, e, eu
		Ngaregepkeun jeung mere tanggapan kana paripolah.	Istilah sasatoan, barang, tutuwuhan
		Ngaregepkeun kalimah parentah.	Kalimah parentah
	Nyarita	Ngawangkong	Kalimah pananya
		Menta idin	Kalimah pamenta
		Ngawanohkeun diri	Kecap gaganti diri
		Nyebutkeun rupa-rupa gambar barang	Istilah barang-barang budaya/alam
	Maca	Maca kecap-kecap milepas	Kecap-kecap milepas
		Maca kalimah basajan	Kalimah basajan (2–3 kecap)
		Maca wacana pondok tilu kecap	Wacana pondok (ucapan, lentong, randegan)
	Nulis	Menyalin huruf milepas	Huruf milepas
		Menyalin engang	Engang
		Menulis kecap asal	Kecap asal (2-3 engang)
		Menyalin kalimah basajan	Kalimah Basajan
IV	Ngaregepkeun	Ngaregepkeun bewara	Bewara; kalimah wawaran
	Nyarita	Nyaritakeun karesep	Kalimah campuran (salancar jeung ngantet)
		Nepikeun pamenta	Kalimah pamenta
		Nyaram	Kalimah panyaram
		Nyawad/muji	Kalimah panyawad/pamuji, undak usuk basa
		Gunem catur dina telepon	Kalimah ringkes, Undak usuk basa
	Maca	Maca wacana guneman	Ucapan jeung lentong
		Maca gancang	Nafsirkeun kandaga kecap
	Nulis	Nulis bewara	Bewara, kalimah wawaran

## RENCANA PEMBELAJARAN KAWERUH BASA

Mata Pelajaran	: Bahasa Daerah (Sunda)
Satuan Pendidikan	: Sakola Dasar (SD)
Kelas/Semester	: IV/1
Alokasi Waktu	: 6 jam pelajaran
Standar Kompetensi	: Mampu maca, maham, jeung mere tanggapan kana rupa-rupa wangun jeung warna wacana lisan atawa tulis (teks) ku cara maca dina jero hate, maca apresiasi, maca paguneman, jeung ngagalantangkeun puisi.
Kompetensi Dasar	: 4.1.1 Maca teks paguneman.
Indikator	: <ol style="list-style-type: none"><li>1. Murid bisa maca teks paguneman kalawan ucap jeung lentong anu merenah.</li><li>2. Murid bisa ngucapkeun paguneman saurang palaku.</li><li>3. Murid bisa nyebutkeun latar waktu jeung tempat kajadian.</li><li>4. Murid bisa ngahartikeun kecap-kecap anu hese tina paguneman.</li><li>5. Murid bisa nyieun kalimah ku ngalarapkeun kecap-kecap anu hese.</li><li>5. Murid bisa nepikeun pamenta ka babaturan ku kalimah anu sopan.</li><li>6. Murid bisa nepikeun pamenta ka kolotna ku kalimah anu sopan.</li><li>7. Murid bisa nyindekkeun paguneman katut kalimah pamenta.</li></ol>
Materi Luluwu	: Paguneman, Kalimah pamenta

## LENGKAH PEMBELAJARAN

### A. Kegiatan Awal

- Murid diingetan deui bahan nu geus kaliwat.
- Murid diwanohkeun kana bahan nu bakal dilakonan, nya eta paguneman.
- Murid disina ngelompok. Sakelompokna genepan.

### B. Kegiatan Inti

1. Murid ti unggal kelompok disina nengetan teks paguneman.
2. Murid disina maca paguneman dina jero hate.
3. Murid disina maca bedas paguneman saluyu jeung palaku-palakuna bari diragakeun. Bagilir sakelompok-sakelompok.
4. Murid disina neangan sasaran harti kecap atawa harti kecap ku cara diskusi!
5. Murid disina ngalarapkeun kecap kana kalimah.
6. Murid latihan ngawangun kalimah pamenta ku cara ngarobah kalimah wawaran.
7. Murid latihan ngalengkepan paguneman.

### C. Kegiatan Akhir

1. Murid nyindekkeun eusi paguneman jeung kalimah pamenta.

## MEDIA JEUNG SUMBER DIAJAR

1. Teks paguneman
2. Buku Teks Basa jeung Sastra Sunda

## EVALUASI

1. Tes performansi: Ngayakeun jeung ngaragakeun paguneman
2. Tes tulis:
  - (1) Jieun kalimah pamenta nu eusina mun hidep naek kelas hayang dipangmeulikeun kantong!
  - (2) Jieun kalimah pamenta nu eusina idin ka Ibu/Bapa rek ka cai!
  - (3) Sebutan tilu sasatoan, lian ti domba jeung hhayam, nu bisa dikukut!
  - (4) Kumaha ceuk hidep, ari ngadu domba atawa hayam, kaasup dosa?
  - (5) Ari ngadukeun sora hayam pelung atawa manuk dosa henteu? Jelaskeun!

Conto Bahan Pembelajaran:

### A. MATĒRI: PAGUNEMAN

Paguneman (percakapan atawa dialog) nya éta ngomong silih témpas. Geura pék tengetan contona di handap ieu!

#### NGADU DOMBA

Poé Minggu isuk-isuk harita téh. Kuring keur di buruan imah. Runtahna disedekkeun ka juru, terus diduruk sabab bisi dikoréh ku hayam. Sanggeus bérés, terus kuring ngampihkeun sapu ka pipir. Keur kitu, tingtorojol babaturan, Didin, Irsal, jeung Maman, nyalampeur lalajo ngadu domba.

KURING : “Di mana?”

DIDIN : “Di Cilampeni”

KURING : “Ké, dagoan rék bébéja heula ka Ema!”

IRSAL : “Puguh wé kudu bébéja heula. Bieu gé kuring bébéja heula ka Ema!”

KURING : “Enya, bisi deudeupeun.”

EMA : “Jig, kadé ulah kamalinaan. Ulah poho kana solat lohor!”

KURING : “Hayu atuh!”

DIDIN : “Tuh, dombana ogé mani réa! Bobotohna ogé ngarégrég.”

KURING : “Euleuh, enya wé, domba téh mani ngabayak kitu!”

IRSAL : “Urang juru béh ditu, lalajona! Gigirian pakalangan”

MAMAN : “Ih, geuning domba adu mah mani aralus kitu. Baradag jeung tandukna ogé mani rangaék.”

DIDIN : “Nya, puguh rék aralus ogé. Domba adu mah domba pilihan, anu diurus dihadé-hadé.”

KURING : “Mani parapak kitu, nya, badagna ogé?”

IRSAL : “Ceuk Mang Ujang mah, Domba nu rék diadukeun téh kudu anu saimbang. Dina dedegan, beuratna, umurna, jeung gedéna tandukna.”

KURING : “Ah, kuring mah watir nénjona ogé. Ngadéngé sora hulu domba diadu téh asa sirah kuring wé nu dijedak-jedakkeun téh.” (*Peureum*).

MAMAN : “Angga, mah borangan ah! Ulah peureum lalajona atuh!”

KURING : “Ah, watir, atuda. Hayu, ah, urang balik, geus satengah dua belas. Sakeudeung deui ogé lohor.” (*Ngarérét bari noél Didin*).

**Bring kuring sabatur-batur baralik. Teu kacatur di jalanna, nepi wé ka imah.**

BAPA : “Kumaha resep lalajo ngadu domba téh, Angga?”

KURING : “Resep, Pa. Sakedap, Pa, badé abdas heula!”

EMA : “Solat heula, Angga!”

KURING : “Badé ieu ogé, Ma! Badé abdas heula!”

EMA : “Angga, itu aya goréng sampeu dina méja, caket Bapa!”

KURING : “Pa, Angga hoyong domba?”

BAPA : “Daék kitu nginguna?”

KURING : “Daék!” (*kuring sumanget*).

BAPA : “Heug, asal tong hayang ngadukeun! Sabab ngadu-ngadukeun sato téh kaasup pagawéan dosa. Pék wé lamun urang ogé diadukeun, terus urang kateunggeul, tangtu nyeri!”



## B. KAGIATAN KOMPETĒNSI MURID

### PANCĒN KELAS

#### Kegiatan I (Kelompok): *Maca Paguneman*

1. Ayeun hidep nyieun kelompok. Unggal kelompok lobana genepan.
2. Hidep kudu macakeun paguneman luyu jeung ngaran-ngaran palakuna! Aya nu jadi kuring, Irsal, Maman, Didin, Ema, jeung Bapa.
3. Pék baca téks paguneman di luhur dina jero haté! Geus diragakeun di hareupeun kelas. Bagilir sakelompok-sakelompok, diatur ku Ibu/Bapa Guru.

#### Kegiatan II (Individual): *Miharti jeung Ngalarapkeun Kecap*

1. Téangan harti atawa sasaruuan harti (*sinonim*) kecap-kecap di handap ieu!
  - (1) pipir = .....
  - (2) ngampihkeun = .....
  - (3) dikoréh = .....
  - (4) tingtorojol = .....
  - (5) kamalinaan = .....
  - (6) bobotoh = .....
  - (7) ngabayak = .....
  - (8) pakalangan = .....
  - (9) parakpak = .....
  - (10) ngingu = .....
2. Larapkeun kecap-kecap di luhur kana kalimah!
  - (1) pipir  
Kalimahna = .....
  - (2) ngampihkeun  
Kalimahna = .....
  - (3) dikoréh  
Kalimahna = .....
  - (4) tingtorojol  
Kalimahna = .....
  - (5) kamalinaan  
Kalimahna = .....
  - (6) bobotoh  
Kalimahna = .....
  - (7) ngabayak  
Kalimahna = .....
  - (8) pakalangan  
Kalimahna = .....
  - (9) parakpak  
Kalimahna = .....
  - (10) ngingu  
Kalimahna = .....

### **Kegiatan III (Individual): Ngawangun Kalimah Paménta**

Dina paguneman di luhur aya kalimah paménta anu diucapkeun ku kuring (Angga). Geura tetengan deui di handap ieu!

*Pa, Angga hoyong domba?"*

Cing, ayeuna hidep nyieun kalimah paménta! Bisi hésé mah, di handap ieu dibéré naon-naon anu kudu dipéntana.

- (1) Hidep ménta *sapatu* ka Bapa.  
Kalimahna : .....
- (2) Hidep ménta *buku gambar* ka Ibu.  
Kalimahna : .....
- (3) Hidep ménta *duit SPP* ka Bapa/Ibu sabab geus tanggal lima.  
Kalimahna : .....
- Hidep ménta dipangnyekelkeun buku ka batur sabangku.  
Kalimahna : .....
- Hidep ménta *kantong anyar, da nu heubeul geus soéh* ka Ibu.  
Kalimahna : .....
- Hidep ménta dianteur meuli *buku* ka lanceuk hidep.  
Kalimahna: .....
- Hidep nginjeum *pamupus* ka babaturan sabangku.  
Kalimahna: .....
- Hidep ménta *dihampura* ka Hani, lantaran teu bisa datang dina ulang taunna.  
Kalimahna: .....
- Hidep ménta baju pramuka anyar ka ema, da nu heubeul geus butut pisan.  
Kalimahna: .....
- Hidep ménta idin nanyakeun ka Ibu/Guru ngeunaan PR basa Sunda nu teu kaharti.  
Kalimahna : .....
- Hidep ménta idin ka Ibu/Bapa Guru rék ka jamban hoyong kahampangan.  
Kalimahna: .....

### **PANCĚN BUMI (PEKERJAAN RUMAH)**

#### **Kegiatan IV (Individual): Ngalengkepan Paguneman**

Ti heula hidep geus diajar kumaha ari paguneman. Hidep ogé bisa nyieun karangan paguneman. Pikeun latihan, ayeuna mah diajar ngalengkepan heula karangan paguneman anu geus aya.

- Ajat : “Kang Wawan, saurna di Cianjur mah seueur hayam pelung?”  
Kang Wawan : .....
- Ajat : “Ari bénténna hayam pelung sareng hayam biasa lebah manana?”  
Kang Wawan : .....
- Ajat : “Kumaha kitu ari sora hayam pelung?”  
Kang Wawan : “Lamun jagona, hayam pelung mah kongkorongokna sok lamat tur panjang.  
Ajat : .....
- Kang Wawan : “Ah, bangga ngurusna ogé. Anu teu biasa mah moal bisa. Ti batan

kongkorokna alus, malah bisa teu disada-sada acan”.

Ajat : .....

Kang Wawan : “Ajat hayang hayam pelung?”

Ajat : .....

Kang Wawan : “Di urang mah hésé, di mana tempatna. Imahna gé hareurin.”

Ajat : “Mun ngingu lauk dina akuarium, kumaha, Kang?”

Kang Wawan : .....

Ajat : “Iraha, Kang, ngadamelna akuarium téh?”

Kang Wawan : “Ih, ari nanaon téh, mani kudu pok-pék. Engké poé Minggu, kapan peré. Boga sabaraha duit keur meuli laukna?”

Ajat : .....

Kang wawan : “Lauk mah bisa ngala ti susukan atawa balong. Ayeuna mah urang dipaké meuli kaca jeung lémna.”

Ajat : “Kapan aya lémna mah dina lomari.”

Kang Wawan : .....

Ajat : “Manawi téh lém kaca sareng lém aibon sami?”

Kang Wawan : “Nya béda, atuh!”

Ajat : “Ulah bohong, nya, Kang?”

Kang Wawan : .....

Ajat : “Kang, ieu artosna kanggo mésér kaca téh!”

Kang Wawan : .....

# BAHAN AJAR PANGAWERUH PUPUH

E. Kosasih, S.sen.

## 1. Bubuka

Ieu tulisan teh minangka panglengkep kana bahan pangajaran sastra Sunda di sakola-sakola. Bahan ajar pupuh di sakola-sakola teh ngawengku rumpaka jeung laguna. Sanaos bahanna pondok, mugia ibu miwah bapa guru teu gupuy-gapay teuing. Atuh dina ngawulangkeun pupuh, tiasa wae disarengan ku media nu mangrupa kaset pupuh.

Anu baris dipedar dina ieu makalah nya eta pangaweruh ngeunaan pupuh, anu ngawengku (1) harti pupuh, (2) babagian pupuh, (3) aturan-aturan pupuh, (4) watek pupuh, (5) sasmita pupuh, jeung (6) gunana pupuh.

## 2. Pangaweruh Pupuh

### *Harti Pupuh*

- Aya sababaraha harti pupuh anu wangenanana saperti ieu di handap.
- Bait atawa pada: dina istilah karawitan Sunda, sapupuh sarua jeung sabai/sapada.
  - Lagu: Pupuh Asmarandana hartina lagu Asmarandana.
  - Tembang: Pupuh Sinom bisa dihartikeun tembang Sinom.
  - Runtuyan bait anu miboga pola nu sarua. Upamana, pupuh kahiji dina Wawacan Rengganis aya 62 pada. Tah, anu 62 pada teh bisa disebut sapupuh.
  - Karya sastra anu dilagukeun bisa disebut pupuh.
  - Aturan nyieun rumpaka dina tembang disebut pupuh.
  - Dina istilah karawitan, pupuh hartina sekar merdeka (wirahma bebas) nu kauger ku aturan.
  - Dina ieu tulisan, pupuh mangrupa rumpaka lagu nu kauger ku patokan jeung aturan nu tangtu tur mibanda watek nu ngagambarkeun masing-masing pupuh.

### *Babagian Pupuh*

Nurutkeun sabagian ahli, pupuh teh asalna ti Jawa. Keur ngabedakeun, urang kudu apal heula babagian pupuh nurutkeun bujangga Jawa jeung nurutkeun bujangga Sunda.

Nurutkeun bujangga Jawa, pupuh bisa dikelompokkeun jadi opat bagian, nya eta (1) sekar Kawi (Kakawen), (2) SekarAgeung, (3) Sekar Tengahan, jeung (4) SekarAlit. Ari nurutkeun bujangga Sunda mah, pupuh teh ngan dikelompokkeun jadi dua bagian, nya eta (1) Sekar Ageung jeung (2) Sekar Alit.

Pupuh nu kaasup kana Sekar Ageung aya opat, bisa disingget KSAD, nya eta (1) Kinanti, (2) Sinom, (3) Asmarandana, jeung (4) Dangdanggula.

Pupuh nu kaasup Sekar Alit jumlahna aya tilu belas, nya eta (1) Pucung, (2) Maskumambang, (3) Lambang, (4) Ladrang, (5) Magatru, (6) Jurudemung, (7) Gambuh, (8) Balakbak, (9) Mijil, (10) Wirangrong, (11) Pangkur, (12) Durma, jeung (13) Gurisa.

Bedana Sekar Ageung jeung Sekar Alit nurutkeun para bujangga, di antarana, nya eta:

(1) Dina Sekar Ageung, tiap padana paranjang sareng seueur anu tos dianggo dina wanda tembang sapertos contona:

- Pupuh Kinanti: Kidung, Balaka, Layar Putri;
- Pupuh Sinom: Banjarsinom, Ciawian, Cirebonan;
- Pupuh Asmarandana: Balon Ngapung, Bangkok, Candrawulan;
- Pupuh Dangdanggula: Bayubud, Ceurik Oma, Goyong.

(2) Sekar Alit mah tiap padana seueur nu parondok tur cara nembangkeunana kirang.

### *Aturan Pupuh*

Aturan pupuh mangrupa katangtuan pikeun nitenan masing-masing pupuh, tur bisa dijadikeun patokan dina enggoning nyieun guguritan ngarakit dangding jeung ngarang rumpaka lagu.

Dina nyieun rumpaka pupuh teu bisa sagawayah, tapi kaiket ku aturan-aturan saperti ieu di handap.

- a. Tiap pupuh bisa diwangun ku sababaraha pada atawa bait.
- b. Pada atawa bait diwangun ku sababaraha padalisan atawa baris.
- c. Unggal padalisan atawa baris diwangun ku sababaraha engang (suku kata).
- d. Lobana engang tiap padalisan disebut guru wilangan.
- e. Sora engang dina pungkasan padalisan disebut guru lagu.

Titenan conto pupuh di handap ieu!

#### Pupuh Pucung

1. Ha-yu ba-tur u-rang di-a-jar sing su-hud

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

2. U-lah la-la-wo-ra

1 2 3 4 5 6

3. Bi-si eng-ke hen-teu na-ek

1 2 3 4 5 6 7 8

4. Ba-tur seu-ri u-rang su-me-gruk na-lang-sa

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

*Keterangan:*

Pupuh Pucung ieu aya sapada, dina sapadana aya opat padalisan.

*Jumlah guru wilanganana:*

*Guru laguna:*

Padalisan kahiji aya 12

u

Padalisan kadua aya 6

a

Padalisan katilu aya 8

e

Padalisan kaopat aya 12

a

Supaya leuwih paham kana aturan pupuh anu salengkepna, titenan tabel pupuh di handap ieu.

No.	Ngaran Pupuh	Jumlah Padalisan	Guru Wilangan	Guru Lagu
1.	Kinanti	6	8,8,8,8,8,8	u-i-a-i-a-i
2.	Sinom	9	8,8,8,8,7,8,7,8,12	a-i-a-i-i-u-a-i-a
3.	Asmarandana	7	8,8,8,8,7,8,8	i-a-o/e-a-a-u-a
4.	Dangdanggula	10	10,10,8,7,8,9,7,6,8,12,7	i-a-o/e-u-i-a-u-a-i-a
5.	Pucung	4	12,6,8,12	u-a-e/o-a
6.	Maskumambang	4	12,6,8,8	i-a-i-a
7.	Lambang	4	8,8,8,8	a-a-a-a
8.	Ladrang	4	10,8,8,12	i-a-i-a
9.	Magatru	5	12,8,8,8	u-i-u-i-o/e
10.	Juru Demung	5	8,8,6,8,8	a-u-i-a-u
11.	Gambuh	5	7,10,12,8	u-u-i-u-o/e
12.	Balakbak	6	12,3,12,3,12,3	a-e-a-e-a-e
13.	Mijil	6	10,6,10,10,6,6	i-o/e-o/e-i-i-u
14.	Wirangrong	6	8,8,8,8,8,8	i-o/e-u-i-a-a
15.	Pangkur	7	8,11,8,7,12,8,8	a-i-u-a-u-a-i
16.	Durma	7	12,7,6,7,8,5,7	a-i-a-a-i-a-i
17.	Gurisa	8	8,8,8,8,8,8,8,8	a-a-a-a-a-a-a-a

### *Watek Pupuh*

Nurutkeun katerangan para bujangga nu nyiptakeun pupuh, pupuh miboga watek sewang-sewangan. Ku kituna, jiwa lagu pupuh sakuduna disaluyukeun nurutkeun watekna. Kiwari watek pupuh kurang diperhatikeun alatanana loba nu nyiptakeun lagu leuwih mentingkeun mamanis lagu dina sanggianana, malah teu aneh saupama pupuh anu kudu rumpakana sedih jadi gumbira, di antarana, pupuh anu digunakeun keur nyusun rumpaka dina mintonkeun lagu-lagu tembang Sunda.

Dipakena watek pupuh katingali dina susunan eusi wawacan, anu mangrupa carita nu disusun dina wangunan pupuh, diluyukeun nurutkeun suasana tiap adegan. Di antarana wawacan Purnama Alam, Rengganis, Panjiwulung, jeung nu sejenna. Ku kituna, sangkan leuwih wanoh kana watek pupuh, titenan tabel di handap ieu.

No.	Ngaran Pupuh	Watek nu Ngagambarkeun
1.	Kinanti	Nu keur nganti-nganti
2.	Sinom	Kaayaan gumbira, kasamaran
3.	Asmarandana	Cinta birahi
4.	Dangdanggula	Tenang, tengtrem, gumbira
5.	Pucung	Nasehat/kaget
6.	Maskumambang	Sedih/nalangsa/prihatin
7.	Lambang	Heureuy/guyon
8.	Ladrang	Heureuy/banyol/tarucing
9.	Magatru	Sedih/tumarima
10.	Juru Demung	Bingung/susah campur sedih
11.	Gambuh	Susah/sedih/bingung
12.	Balakbak	Lulucon, humor
13.	Mijil	Waas/sedih
14.	Wirangrong	Era, wirang/sial
15.	Pangkur	Ambek/angkuh
16.	Durma	Ngambek, adigung/pasea, perang
17.	Gurisa	Ngalamun/lamunan

### *Sasmita Pupuh*

Sasmita pupuh nya eta kalimah atawa kecap landihan anu digunakeun pikeun isarat dina midangkeun pupuh. Ku ayana sasmita nu dimaksud juru sekar bakal surti kana pupuh anu rek dihaleuangkeunana.

Sasmita pupuh perlu oge keur kajembaran sastra Sunda. Sasmita nu sering jeung nu pernah digunakeun, di antarana, di handap ieu.

No.	Ngaran Pupuh	Sasmita Pupuh
1.	Kinanti	kanti, nganti, ngantet, manganti
2.	Sinom	anom, nonoman, pangrawit, kembang, gambir, gambir sawit
3.	Asmarandana	brangta, kingkin, asmara, kasmaran, darana
4.	Dangdanggula	dangdang gagak, gula, madu, manis, hartati
5.	Pucung	jucung, mancung, nyungcung, kuncung
6.	Maskumambang	kumambang, ngambang, bimbang, ketir
7.	Lambang	perlambang
8.	Ladrang	gogodong keris
9.	Magatru	megat, pegat, ketruk
10.	Juru Demung	mung, amung, namung, ngademung
11.	Gambuh	ngagambuh, kambuh, bubuhan
12.	Balakbak	balak, melak
13.	Mijil	bijil, wijil, wijiling, kaluar, ingkar, jengkar
14.	Wirangrong	wirang, diwiwirang, ngawiwirang, kawiwirang, era
15.	Pangkur	mungkur, pungkur, kapungkur, singkur
16.	Durma	duratmaka, mundur, undur, kundur
17.	Gurisa	karasa, ngarasa, mariksa, nyiksa



### *Ngagunakeun Pupuh*

Dina pagelaran, pupuh bisa digunakeun dina magelarkeun tembang Sunda, beluk, wawacan, jeung parancah.

#### (1) Tembang Sunda

Dina tembang Sunda, pola pupuh loba digunakeun utamana dina wanda Papantunan jeung wanda Rarancangan. Pupuh nu digunakeunana rereana nu kaasup Sekar Ageung, nya eta KSAD tea.

Contona:

Lagu : **Ligar** (*Pupuh Kinanti*)

#### **Wanda Rarancangan**

Gunung agung di Cianjur,  
gede nya katineung ati,  
jampana panjang dadakan,  
panasaran mun teu jadi,  
bilangna salapan dua,  
mangka welas ka sim abdi.

Lagu : **Sinom Ela** (*Pupuh Sinom*)

#### **Wanda Rarancangan**

Balebat pajar di wetan,  
ciciren waktu geus ganti,  
peuting kaganti ku beurang,  
ningal ibun tingkaretip,  
hibar ku cahya di langit,  
mega bengras hurung ruhruy,  
nyebar nyaangan buana,  
jiga anu geus pasini..., geus mangsana  
nyaring galih kasaeun Sinom Ela.

Lagu : **Rajamantri** (*Pupuh Asmarandana*)

**Wanda Papantunan**

Abdi mah sok sesah deui,  
gambaran mah ku kituna,  
teu aya bobot pangayom,  
teu kaopan teu payaan,  
gampang anggeus-anggeusan..., geus Raden  
sautak-saeutik bendu,  
taya pisan tinimbangan. (2x)

Lagu : **Bayubud** (*Pupuh Dangdanggula*)

**Wanda Rarancagan**

Cahya sumirat di langit,  
murub mubyar ngahibaran alam,  
sorotna hurung moncorong,  
pasir jeung gunung-gunung,  
lir dilapis emas sinangling,  
puncak matak serab,  
bawaning ku ngempur,  
tetenjoan cararekas,  
tatangkalan anu gede anu leutik,  
katembongna balengras.

G. Beluk

Beluk nya eta seni suara nu kaasup kana sekar irama merdika, dina surupan luhur nu ngagunakeun pupuh pikeun patokan rumpakana.

.

.

### (3) Wawacan

Wawacan nya eta lalakon atawa carita anu eusina mangrupa pola (susunan pupuh). Cara midangkeunana diluyukeun jeung watek pupuh, oge jiwa laguna. Contona: wawacan Puranama Alam, Wawacan Rengganis, jeung nu sejenna.

#### H. Parancah

Parancah mangrupa jampe (mantra) nu di antarana ngagunakeun pola pupuh. Contona:

#### **Pupuh Asmarandana**

Jurig sia geura nyingkir,  
setan sia geura nyingkah,  
kalong ulah newo-newo,  
kuntilanak ulah datang,  
mun datang geura iang,  
auban ku Nu Rahayu,  
diraksa ku Nu Kawasa.

**SOAL SOSIALISASI IMPLEMENTASI KURIKULUM 2004:  
STANDAR KOMPETENSI BAHASA DAN SASTRA SUNDA**

Wasta : .....  
Asal : .....

**Pilih salasihiji jawaban anu benerna!**

1. Kamampuh minimal anu kudu dicangking ku siswa disebut ....
  - a. kompetensi dasar
  - b. standar kompetensi
  - c. kompetensi tamatan
  - d. kompetensi widang kajian
2. Paguneman (dialog) kaasup kana ...
  - a. kagiatan diajar
  - b. kompetensi dasar
  - c. materi pokok
  - d. indikator
3. Susunan anu ngentep seureuh (sistematis) mata pelajaran nu tangtu di kelas jeung semester nu tangtu disebut ....
  - a. tagihan
  - b. hasil diajar
  - c. silabus
  - d. bahan ajar
4. Rupining wangun ulangan atawa ujian pikeun nuduhkeun tahap kompetensi siswa dina hiji mata pelajaran disebut ....
  - a. tes
  - b. ujian
  - c. portopolio
  - d. tagihan
5. Pangalaman atawa kagiatan anu kudu dipilampah ku murid pikeun ngawasa kompetensi dasar atawa materi pembelajaran disebut....
  - a. hasil diajar
  - b. bahan ajar
  - c. indikator
  - d. materi pokok
6. Anu kaasup kana ungkara **kompetensi dasar** nya eta
  - a. Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai jenis wacana lisan berupa *carita pondok, guguritan, dan pengumuman (bewara)*.
  - b. Menyimak (*ngaregepkeun*) dan membedakan *sora basa* (bunyi bahasa)
  - c. Dapat menyimak dengan sikap baik (*saregep*).
  - d. Kata-kata berfonem é, e, eu.
7. Anu kaasup conto **standar kompetensi** nya eta:
  - a. Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai jenis wacana lisan berupa *carita pondok, guguritan, dan pengumuman (bewara)*.
  - b. Menyimak *carita pondok*
  - c. Dapat menceritakan hal-hal yang menarik dari cerita.
  - d. *carita pondok*
8. Anu kaasup conto **indikator** nya eta:
  - a. Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai wacana percakapan, dongeng, dan *pupujian*.
  - b. Menyimak penggalan percakapan (rekaman; dibacakan).
  - c. Dapat menyimak dengan sikap yang baik.
  - d. Percakapan
9. “Dapat melafalkan é, e, dan eu dalam berbagai kata”, kaasup kana
  - a. Kompetensi dasar
  - b. Standar kompetensi
  - c. Indikator
  - d. Materi Lulugu (pokok)

10. Aprésiasii sastra dipilampah ku cara...
- ngaregepkeun jeung maca
  - maca jeung nulis
  - nulis jeung nyarita
  - nyarita jeung ngaregepkeun
11. Kamaheran basa anu sipatna produktif nya eta...
- nyarita jeung maca
  - maca jeung nulis
  - nulis jeung nyarita
  - ngaregepkeun jeung nyarita
12. Anu kaasup kana conto kompetensi dasar nyarita nya eta
- Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam percakapan (*guneman*), permintaan ijin, pengenalan (*ngawanohkeun*) diri, penyebutan berbagai jenis gambar dan gambar bercerita.
  - Bercakap-cakap dengan teman
  - Dapat bercakap-cakap dengan sikap yang baik
  - Percakapan
13. “Dapat menyatakan permintaan kepada teman dengan kalimat yang santun”, kaasup kana conto
- kompetensi dasar
  - indikator
  - materi pokok
  - standar kompetensi
14. Kegiatan diajar ekspresi sastra lumangsung dina aspek kamampuh..
- maca jeung nulis
  - nulis jeung nyarita
  - maca jeung ngaregepkeun
  - nyarita jeung nulis
15. Nyarita jeung ngaregepkeun kaasup kana aspek ....
- pangaweruh basa jeung sastra
  - ekspresi sastra
  - apresiasi sastra
  - kaparigelan basa
16. Pikeun maham eusi bacaan biasana dipilampah ku cara ...
- maca gancang
  - maca jero hate
  - maca bedas
  - maca saliwat
17. Nanyakeun pikiran utama tina hiji paragraf kaasup kana ....
- materi pokok
  - indikator
  - kompetensi dasar
  - standar kompetensi
18. Di handap ieu kaasup kompetensi dasar nu patali jeung maca?
- Maca wacana pondok
  - Bisa maca bari merhatikeun randegan.
  - Bisa nyebutkeun pokok pikiran tina paragraf.
  - Bisa nembangkeung kakawihan.
19. Di handap ieu bisa dipake materi pokok keur maca, iwal:
- surat basajan
  - dongeng
  - puisi
  - huruf kapital
20. Kalimah “Mampuh maca, maham, jeung mere tanggapan kana wacana tulis” kaasup
- standar kompetensi
  - kompetensi dasar
  - hasil diajar
  - materi pokok
21. Cara saperti “nulis huruf, nulis engang, nulis dua engang, nulis tilu engang, jeung nulis kalimah bsajan” kaasup kana ....
- standar kompetensi
  - kompetensi dasar
  - indicator
  - materi pokok
22. Di handap ieu mangrupa materi pokok nulis di kelas I SD, iwal:
- kalimah jembar
  - wacana pondok
  - kecap asal dwisuku
  - kecap trisuku

23. “Bisa ngomean salah tulis” mangrupa indicator nulis di kelas ... SD.  
 a. hiji                      b. dua                      c. tilu                      d. opat
24. Di handap ieu kaasup kompetensi dasar nulis di kelas III SD, iwal:  
 a. nulis kalimah jembar                      c. nulis deskripsi  
 b. nulis kalimah wawaran                      d. ngalarapkeun ejaman dina tulisan
25. Wujud operasional kompetensi dasar, pedaran materi pokok, langkah pembelajaran, hontalan (pencapaian), jeung alokasi waktu disebut ....  
 a. standar kompetensi                      c. indikator  
 b. kompetensi dasar                      d. silabus
26. Kompetensi apresiasi sastra nyoko kana kamaheran basa ....  
 a. nyarita – ngaregepkeun                      c. nyarita – nulis  
 b. maca – ngaregepkeun                      d. maca - nulis
27. Sajak, sisindiran, jeung pupuh kaasup kana wangun ....  
 a. lancar                      b. guneman                      c. ugeran                      d. ragaan
28. Di handap ieu kagiatan apresiasi sastra, iwal:  
 a. ngaregepeun dongeng tina radio                      c. ngalenyepan eusi carpon  
 b. maca novel                      d. ngagalantangkeun sajak
29. Anu teu kaasup kana apresiasi sastra, nya eta  
 a. nembangkeun pupuh                      c. ngarucat pupuh  
 b. nganggit pupuh                      d. taya nu bener
30. Ciri utama sastra drama nya eta ...  
 a. dialog (duneman)                      b. penokohan                      c. prolog jeung epilog                      d. adegan
31. Di handap ieu kaasup kana kagiatan ekspresi sastra, iwal:  
 a. ngadongeng                      b. maca carpon                      c. ngaragakeun drama                      d. ngarang carpon
32. “Ngadeklamasikeun sajak” bisa digolongkeun kana ....  
 a. apresiasi sastra                      b. kritik sastra                      c. tiori sastra                      d. kaweruh sastra
33. Di handap ieu kaasup kalimah pamenta, iwal:  
 a. Urang ulin ka kota, yu!                      c. Hatur nuhun kana kasaeana.  
 b. Mangga ka lebet, Teh!                      d. Mah, hoyong jajan
34. Di handap ieu kaasup kecap anu pola engangna KVKVK, iwal:  
 a. budak                      b. jaman                      c. sorot                      d. iman
35. Mana di handap ieu anu lain wangun kecap rekaan?  
 a. kapanggih                      b. papanggih                      c. panggih                      d. pinanggih
36. Anu lain wangun kalimah rangkepan, boh ngantet boh sumeler, nya eta ...  
 a. Kuring indit ka sakola, tuluy ngajar dikelas.  
 b. Subuh-subuh kuring geus indit ka sakola.  
 c. Sabada solat Subuh, kuring indit ka sakola.  
 d. Kuring indit ka sakola bari sakalian nganteurkeun budak.
37. Kalimah “Mangga linggih ka saung butut!” kaasup kana gaya basa ....  
 a. rautan                      b. ngasor                      c. rarahuan                      d. ocon
38. Pupuh anu teu kagolong kana sekar ageung, nya eta ....  
 a. kinanti                      b. sinom                      c. asmarandana                      d. durma
39. Jumlah padalisan dina sapada jeung jumlah engang dina sapadalisan disebut....  
 a. guru lagu                      b. guru wilangan                      c. guru wirahma                      d. guru tembang
40. Watek pupuh Maskumambang nya eta ....  
 a. birahi                      b. tumarima                      c. sedih                      d. bungah

## KONCI JAWABAN

Wasta : ..... Asal Sakola : .....

- |     |   |   |   |   |     |   |   |   |   |
|-----|---|---|---|---|-----|---|---|---|---|
| 1.  | a | b | c | d | 21. | a | b | c | d |
| 2.  | a | b | c | d | 22. | a | b | c | d |
| 3.  | a | b | c | d | 23. | a | b | c | d |
| 4.  | a | b | c | d | 24. | a | b | c | d |
| 5.  | a | b | c | d | 25. | a | b | c | d |
| 6.  | a | b | c | d | 26. | a | b | c | d |
| 7.  | a | b | c | d | 27. | a | b | c | d |
| 8.  | a | b | c | d | 28. | a | b | c | d |
| 9.  | a | b | c | d | 29. | a | b | c | d |
| 10. | a | b | c | d | 30. | a | b | c | d |
| 11. | a | b | c | d | 31. | a | b | c | d |
| 12. | a | b | c | d | 32. | a | b | c | d |
| 13. | a | b | c | d | 33. | a | b | c | d |
| 14. | a | b | c | d | 34. | a | b | c | d |
| 15. | a | b | c | d | 35. | a | b | c | d |
| 16. | a | b | c | d | 36. | a | b | c | d |
| 17. | a | b | c | d | 37. | a | b | c | d |
| 18. | a | b | c | d | 38. | a | b | c | d |
| 19. | a | b | c | d | 39. | a | b | c | d |
| 20. | a | b | c | d | 40. | a | b | c | d |

## **RENCANA PEMBELAJARAN**

Satuan Pendidikan : .....

Mata Pelajaran : Bahasa Daerah (Sunda)

Kelas/Semester : .....

Alokasi Waktu : .....

### **I. STANDAR KOMPETENSI**

.....

.....

.....

.....

### **II. KOMPETENSI DASAR**

.....



.....  
.....

III. INDIKATOR

.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....

IV. MATERI POKOK

.....  
.....  
.....

IV. KEGIATAN PEMBELAJARAN

A. PERSIAPAN

.....  
.....  
.....

B. KEGIATAN INTI

.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....  
.....

.....

C. PENUTUP

.....  
.....  
.....

V. MEDIA DAN SUMBER BELAJAR

.....  
.....  
.....

VI. PENILAIAN

.....  
.....  
.....

# KURIKULUM 2004: STANDAR KOMPETENSI

## 1. Kurikulum Berbasis Kompetensi

### *Kompetensi*

kamampuh : kasanggup, kabisa, kakuatan

(1) pangaweruh, (2) kaparigelan, (3) ajen-inajen dasar  
kaeunteungkeun dina kabiasaan mikir & paripolah

### *Standar kompetensi*

kompetensi anu kudu dipimilik, dipilampah, jeung dipintonkeun  
pikeun hiji mata pelajaran

### *Kompetensi dasar*

kamampuh minimal nu dihontal ku murid sabada ngarengsekeun  
hiji aspek atawa widang tina mata pelajaran

### *Kompetensi rumpun pelajaran (Basa jeung Sastra Sunda)*

kamampuh nu dihontal ku murid sabada ngarengsekeun rumpun  
mata pelajaran nu tangtu

### *Kompetensi tamatan (SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA)*

kamampuh nu dihontal ku murid sabada ngarengsekeun hiji  
jenjang atikan nu tangtu

### *Kompetensi lintas kurikulum*

kamampuh nu dihontal ku murid sabada nempuh pembelajaran  
patali jeung sakumna rumpun pelajaran, mangrupa kasanggup  
keur hirup jeung diajar saumur hirup


## **Eusi Kurikulum**

<i>Standar Kompetensi</i>	(1) ngaregepkeun (2) nyarita (3) maca (4) nulis
<i>Kompetensi Dasar</i>	<b>4.2.3 Nepikeun pamenta</b>
<i>Hasil Diajar</i>	<b>Nepikeun pamenta ka babaturan, ka guru, jeung ka kolot kalwan make kalimah pamenta anu lemes atawa sopan.</b>

## **Silabus**

- Saha nu nyusun silabus? (1) Sakola (guru, KKG, MGMP)**
- (2) Dinas Pendidikan Kab/Kota**
- (3) Disdik propinsi mere layanan**


## SUBSISTEM BASA




### LARAPNA KAWERUH TATA BASA

- a. *Ngucapkeun, ngalafalkeun*
- b. *Ngawangun kecap katut warnana,*
- c. *Milih kecap katut hartina,*
- d. *Ngalarapkeun istilah,*
- e. *Ngawangun gundukan kecap (frasa),*
- f. *Ngalarapkeun adegan kalimah,*
- g. *Maham eusi jeung fungsi kalimah,*
- h. *Ngalarapkeun kecap pancen dina kalimah,*
- i. *Nuliskeun kalimah efektif,*
- j. *Mekarkeun paragraf,*
- k. *Ngalarapkeun ejaman jeung tanda baca.*


# KOMPETENSI KOMUNIKATIF BASA



# PAMEKARAN BAHAN AJAR



## JURU TILU SORA



1. dar-dér-dor  
blag-blig-blug  
pak-pik-pek  
ba-bi-beu

2. *bucu-baca*  
*bulak-balik*  
*aras-urus*  
*tajah-téjéh*  
*taang-toong*  
*puak-paok*  
*babak-bebek*  
*karat-keureut*



## BABANDINGAN FONESTEMIS

Vokal /eu/ - /e/

1. beubeur	‘sabuk’	:	beber	‘pereban’
2. beunang	‘kacerek’	:	benang	‘kantéh, bola kapas’
3. beuneur	‘ngeusi, teu hapa’	:	bener	‘enya, teu salah’
4. beureum	‘warna’	:	berem	‘peuyeum ketan Jogja’
5. beuteung	‘padaharan’	:	beteng	‘belet’
6. ceuceub	‘geuleuh, ijid’	:	ceceb	‘tanceb’
7. deupa	‘ukuran panjang’	:	depa	‘sato nikelkeun suku’
8. eungap	‘sesek’	:	engap	‘rénghap’
9. geugeut	‘sono’	:	geget	‘sato leutik’
10. geulang	‘pinggel’	:	gelang	‘teping pada tungtung’
11. leubeut	‘meuhpeuy’	:	lebet	‘asup’
12. leupas	‘lésot, ngencar’	:	lepas	‘jauh’
13. nyeuseup	‘ngenyot’	:	nyesep	‘udud’
14. peureus	‘rasa nyeri’	:	peres	‘peureut’
15. peundeut	‘tutup’	:	pendet	‘bendung’
16. peurih	‘rasa nyeri’	:	perih	‘prihatin’
17. reujeung	‘bareng’	:	rejeng	‘pada nyekelan’
18. reumis	‘cai hujan...’	:	remis	‘gedeg’
19. seungit	‘wangi’	:	sengit	‘bengis’
20. teuteup	‘pelong’	:	tetep	‘angger’
21. uteuk	‘otak, polo’	:	utek	‘robah saeutik’

**Vokal /eu/ : /é/**

<b>1. beubeur</b>	‘sabuk’	:	<b>bébér</b>	‘buka’
<b>2. deugdeug</b>	‘ngadatangan’	:	<b>dégdéd</b>	‘ngageter’
<b>3. euleuh</b>	‘kagét’	:	<b>éléh</b>	‘kéok, medok’
<b>4. eunteung</b>	‘cermin’	:	<b>énténg</b>	‘babari’
<b>5. geulang</b>	‘pinggel’	:	<b>gélang</b>	‘kekesek’
<b>6. eunteup</b>	‘eureun hiber’	:	<b>éntép</b>	‘mémérés tumpukan’
<b>7. leupeut</b>	‘kadaharan’	:	<b>lépét</b>	‘kempés, héhé’
<b>8. peupeuh</b>	‘teunggeul’	:	<b>pépéh</b>	‘bulak-balik’
<b>9. seureud</b>	‘dicoco’	:	<b>séréd</b>	‘gusur, ditarik’
<b>10. peupeus</b>	‘beulah’	:	<b>pépés</b>	‘eureun’
<b>11. seuri</b>	‘gumujeng’	:	<b>séri</b>	‘runtuyan carita’

**Vokal /e/ : /é/**

<b>1. gegel</b>	‘nyaah’	:	<b>gégél</b>	‘diteken ku huntu’
<b>2. nyereng</b>	‘mencrong’	:	<b>nyéréng</b>	‘déngdék’
<b>3. seseq</b>	‘weweg’	:	<b>séség</b>	‘pager awi carang’
<b>4. geledeg</b>	‘peti gedé’	:	<b>gélédég</b>	‘gelap, guludug’
<b>5. sela</b>	‘antara ruang’	:	<b>séla</b>	‘sadel’
<b>6. ceplak</b>	‘togmol’	:	<b>céplak</b>	‘nyapéék bari disada’
<b>7. teras</b>	‘tuluy’	:	<b>téras</b>	‘lanté hareup’
<b>8. tempo</b>	‘ténjo, ilikan’	:	<b>tempo</b>	‘waktu’
<b>9. teqer</b>	‘tetep kuat’	:	<b>tegér</b>	‘salila-lila’
<b>10. teng</b>	‘ka ditu ka dieu’	:	<b>téng</b>	‘terah, rundayan’
<b>11. netek</b>	‘nanjak pisan’	:	<b>néték</b>	‘mariksa telik’
<b>12. sedeng</b>	‘cukup’	:	<b>sédéng</b>	‘lieur, gélo’

## LENGKAH NYUSUN SILABUS JEUNG SISTEM MEUNTEUN

### **IDÉNTIFIKASI**

- \* **jatidiri sakola**
- \* **mata pelajaran**
- \* **kelas/seméster**

**Ngaruntuykeun *standar kompetensi* jeung *kompeténsi dasar***

**nangtukeun bahan utama (*matéri pokok*) katut wincikanana**

**Milih *pangalaman diajar*  
(kagiatan fisik-méntal siswa patali jeung bahan)**

**Ngawincik *Kompeténsi Dasar* kana cicirén (*indikator*)**

**Ngawincik *indikator* kana *penilaian* (warna tagihan, wangun instrumén, soal);**

- (9) nangtukeun alokasi waktu; jeung**
- (10) milih sumber/bahan/alat.**

## **PENYUSUNAN DAN PENGEMBANGAN SILABUS KURIKULUM 2004**

### **BATASAN SILABUS**

**Penjabaran dari standar kompetensi dan kompetensi dasar yang ingin dicapai serta materi pokok yang perlu dipelajari murid dalam rangka pencapaian standar kompetensi dan kompetensi dasar.**

### **KOMPONEN SILABUS**

- 1. Standar Kompetensi**
- 2. Kompetensi Dasar**
- 3. Materi Pokok**
- 4. Indikator**
- 5. Pengalaman/Hasil Belajar**
- 6. Alokasi Waktu**
- 7. Media dan Sumber Belajar**
- 8. Penilaian**

### **PENYUSUNAN SILABUS DAN SISTEM PENILAIAN**

- 1. Identifikasi (*sekolah, mata pelajaran, kelas/semester*)**
- 2. Pengurutan *Standar Kompetensi* dan *Kompetensi Dasar***
- 3. Penentuan *Materi Pokok* dan *Uraian Materi Pokok***
- 4. Pemilihan *Pengalaman* atau *Hasil belajar***
- 5. Penjabaran *Kompetensi Dasar* menjadi *Indikator***
- 6. Penjabaran *Indikator* ke dalam *Instrumen Penilaian***
- 7. Penentuan *Alokasi Waktu***
- 8. Pemilihan *Media dan Sumber Belajar***

## FORMAT SILABUS DAN SISTEM PENILAIAN

**Nama Sekolah** : SD Sukarajin  
**Mata Pelajaran** : Bahasa Daerah (Sunda)  
**Kelas/Semester** : IV/1

**Standar Kompetensi** : Mampu menyimak, memahami, dan menanggapi berbagai jenis wacana lisan berupa carita pondok, guguritan, dan bewara.

Kompetensi Dasar	Indikator	Hasil Belajar	Materi Pokok	Penilaian			Alokasi Waktu	Media Sumber
				Tagihan	Alat	Soal		
4.1.1 Menyimak carita pondok	<p>Dapat mengajukan dan menjawab pertanyaan untuk memperjelas pemahaman.</p> <p>Dapat menceritakan hal-hal yang menarik dari cerita.</p> <p>Dapat menanggapi cerita teman dengan bertanya.</p> <p>Dapat menghubungkan pengalaman sendiri dengan memperhatikan penggunaan kalimat dan pilihan kata</p>	Menanggapi dan menceritakan kembali isi carpon	Carita pondok	Tugas individu	Laporan		2 jp	Buku Paket



